ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПІЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№42 (24.012) ● 2020 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 11, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Путин Владимир Урысеймрэ цІыхухэмрэ захуегъазэ

● Къэрал Іуэху

Мэлыжьыхьым и 8-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир видеоконференц жьыпхэм иту зэІущІэ ядригъэкІуэкІащ УФ-м и Правительствэм и унафэщІхэм. Ар теухуауэ щытащ коронавирус уз зэрыщІалэм ди къэралым зыщемыгъэубгъуным. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

ЗЭІУЩІЭМ и пэщІэдзэм Путиным къыхигъэщащ узыншагъэр щызэфІагъэувэж Іуэхущ Іапі эр псори щытыкІэм хэхьэзэрыныр, абыхэм я зэфІэкІымрэ Іэмалхэмрэ хэпщІыкІыу хагъэхъуэныр, сымаджэхэр куэд къэхъу хъужьыкъуэмэ, здащІагъэгъуэлъхьэнуэхэр ягъэкъэзырыныр, медицинэ техникэр къащхуныр, ИВЛ аппаратхэр, реанимобилхэр, дэІэпыкъуэгу псынщІэм папщІэ автомашинэхэр абы хэту, ІэмэпсымэщІэхэм ирилажьэну Іэщ Іагъэлі гупхэр зэгъэуІуныр щІыналъэ псом я дежкІи фІэкІыпІэ зимыІэ къалэну, псом нэхъ ящ игъэщІапхъэ Іуэхуу иджыри къызэрынэжьыр. А Іуэхугъуэхэм текІуэдэну мыпхыр федеральнэ Правительствэм хихауэ щытщ.

«Узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм къащІыздзэпэщ а Іэмалхэр мызыгъуэгукІэ къэдмыгъэсэбэпынымрэ дыщыгугынщ. Ауэ иджыпсту дыхуэхьэзырын хуейщ сыт хуэдэ хэгъэгуми иц дэтхэнэ зы цІыхуми и ГащІэр къызэредгъэлъными», - къыхигъэщащ Президентым.

Медицинэм и лэжьакІуэхэр зыхэт гугъуехьымрэ къалэныщхуэ я пщІэ къызэрыдахуэмрэ щхьэкІэ я улахуэм ахъшэ зэрыхуущІагъунэр игъэбелджылащ къэрал унафэщІым. Коронавирус узыр къызыпкърыхьахэм я узыншагъэм кІэльыпІуэ я псэ емыблэжу ябгъэдэт дохутырхэм я улахуэм мазищым и кІуэцІкІэ федеральнэ ахъшэ хущІагъунущ. Ар мазэм сом мин 80 мэхъу. Медицинэ лэжьакІуэ курытхэм - фельдшерхэмрэ медсестрахэмрэ - сом мин 50. Медицинэ лэжьакІуэ нэхъыщІэхэм - сом мин 25-рэ. Дэ1эпыкъуэгу псынщІэм и ис дохутыр коронавирусыр зыпкърытхэм якІэлъыплъхэми иратынущ сом мин 50. Апхуэдэуи абы и фельдшерхэм, медсестрахэм, шофёрхэм сом мин 25-рэ мазэ къэс къахь улахуэм дэтхэнэми хущІагъунущ.

Дэпэкіэ гу зылъатэнухэм ящыщщ хэгъэгу медицинэ Іуэхущ Іапі эхэм я зэдзлэжьэныгъэм, зы щІыналъэм щыщ сымаджэхэр нэгуэущІым щагъэхъужынкІэ зэрыхъунум, федеральнэ клиникэхэр я Іэмалхэмкіэ щІыналъэхэм зэрадгъэущІынум.

А псом къадзкІуэу экономикэр гулъытэншэ ящІ зэрымыхъунур жиІащ Путиным. Псом нэхъыщхьэр кризис щытыкІэр тІасхъэ щІыныр, бизнесым удын хьэлъэ емыгъэгуэтыныр щ. Ар хуабжьу егупсысауэ, зэпэщачауэ, щытыкІэр щІэпщытыкІауэ зыбгъэдыхьапхъэщ. Иджыпсту къыззграгъэувыІа Іуэхущ Іапі эр псори гъэнэІуэн хуейщ. Мыдрей лажьэхэм санитар жыпхъэ псоми тету я лэжьыгъэр ирахьэкІыпхъэщ, щытыкІэ шынагъуэ къамышэн папщІэ.

Федеральнэ унафэу къащтахэм ящыщщ социальнэ взносхэр хэдзыткІэ гъэмэщІэныр, социальнэ фондэм халъхьэн хуейкэр, налог лІэужьыгуэу псори, НДС-р хэмыту, дяпэкІэ мазихІэ ямытыныр. Иплъэс ныкъуэ дэкІмэ, компаниехэм хуэзгрихьа щІыхуэр мазэ къэс тегуэшауэ зы иплъэскІэ ятіупыжкми хъунущ.

Урысейм и Правительствэмрэ Банк Нэхъыщхьэмрэ унафэ яІэщ щІыхуэхэм лэжьапІэрэ улахуэрэ яІэн папщІэ хьэрычэтыщІэ Іуэхущ Іапі эхэм зэрадзэпэпыкъуну программэ ягъэхъэзырыну: «Дэтхэнэ хьэрычэтыщІэм дежкІи хуабжьу щытыкІэ гугъущ дызэрытыр. Си фІэщ мэхъу биснесыр ипэкІэ плъэуэ и лэжьакІуэхэр зэрихъумэнур, апхуэдэ жэуапливныгъэ зыхэлъхэращ дэри дызыдэІэпыкъунур», - къыхигъэщащ къэрал Іэтащхьэм.

Лэжьапі эншэу къэнахэм, си хэхъуэр нэхъ мащІэ хъуахэм, кредит щІыхуэр зыхэмыпшынхэм, сабий зэрыс унагъуэхэм папщІэ яубзыхуа дэІэпыкъуныгъэхэри мащІэкъым. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, анэ мыпхыр къыхэзымыхауэ зиІэ унагъуэхэм зи ныбжьыр илъэсищым нэмыса сабий иІэмэ, мэлыжьыхьэ, накъыгъэ, мэкъуауэгъуэ мазищым дэтхэнэ цІыкІуми хуэзэу сом мин тхурытху иратынущ. Илъэсищым щегъэжьауэ илъэсиблым нэс сабийхэм хуаутІыпщ ахъшэр зы мазэкІэ япэ иту, мэкъуауэгъуэм, ятын щІадзэнущ. ПІалъэкІэ лэжьапІэншэ хъуахэм я бынхэм хуагъэкІуэну ахъшэр щабзыхукІэ, нэхъапэм къилэжьу щытар хабжэнукъым.

Зи лэжьапІэ Іэнатіэр зыфІэкІуэдауэ Іуэхуэр лэжьыгъэкІэ къыщыздзэгъэпэщ Іуэхущ Іапі эм ГъатхэпэМ и 1 нэужьым зыщезыгъэтхахэм мэлыжьхьэ, накъыгъэ, мэкъуауэгъуэ мазэхэм сом мин 12-рэ сом 130-рэ иратынущ. Абыхэм я дэфтэрэхэр пэІэщІэу (дистанционнэу) ятхынущ. Апхуэдэуи паспортхэм, автомашинэ зепхэну узэрыхуитым щыхьэт техъуэ тхылъым, нэгъуэщІ дэхэрэхэм я пІалъэр икІамэ, мазищ къыпхущащэнущ.

Къэрал унафэщІыр зытепсэлъыхьахэм ящыщщ сабий зыщІэс, адэ-анэр щымылажьэ унагъуэхэм зэрадзэпэпыкъунури. Апхуэдэхэм зэрыІэнатІэншэм папщІэ кърат пособием, илъэсищ ныбжьым нэмыса сабийхэм, илъэсиблым нэс цІыкІухэм иратынуахъшэхэм нэмыщІ, балигъыпІэ имыувауэ унагъуэм ис дэтхэнэми сом мин щырыщ аргуэру хущІагъунущ.

«Ди къарум дыкъыгъэгугъэжу и чэзум щІапхъэр тщІэуэ, Іуэхум дыхуэнабдзэгубдзапІуэу дылэжьэнущ, - къыхигъэщащ Президентым. - Абы папщІэ псори диІэщ: макроэкономикэ щытыкІэ зэпІэзэрыт, нэхъапэм къыздэгъэхуа мыльку, сыт хуэдэ щытыкІэ гугъу дихуэми ди къыдзэрикІыфын Іэмалхэр, а псом къадзэкІуэу гугъуехьхэм дыкъыздзэрыхкІыфын пъэбакъуэ убзыхуэхэр».

ЗащІыхуигъаззм Путин Владимир Урысеймрэ цІыхухэм къыхуриджащ гугъуехьхэр адэкІи зыхуагъэзэшэчыну: «Ди жэуапливныгъэмрэ дызэрызыкІэпъэлпІыжьымкІэщ мы уз зэрыщІалэм дыззрытекІуэфынур, Іэмал имыІэуи дитекІуэн хуейщ! Псом хуэмыдэжу лъапІэщ Урысеймрэ и цІыхуэрэ махуэ ящ нэхъри зэрыззэкъуэувэр. Дохутырхэмрэ медсестрахэмрэ я псэ емыблэжу мэлажьэ, волонтёрхэм я бжьыгъэм хохъуэ. Лэжьыгъэм кхъыхьащ спортсменхэр, артистхэр, журналистхэр. ЦІыху мелуан бжьыгъэхэр я гъунэгъуэхэм ядоІэпыкъу, адэ-анэхэм, унагъуэм щІэсхэм якІэлъэплъ, дэтхэнэми и пщэ хъыдзкуэ къалэныр ноу егъэзащІэ. Ахэр псалъэ къызэрыгуэкІыкым, атІэ дыззрыхуа щытыкІэм къыгъэнІуа Іуэхущ. Дызэкъуэтмэ, псори къызэдзнэкІыфынущ», - игъэбелджылащ Путин Владимир.

Нобэрей щытыкІэм ироПІейтей

● КЪБР-м и Парламентым

Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэ зыбжанэм щыхэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэгъэув Іэнатіэм и зи чэзу зэІущІэм. Ар иригъэкІуэкІащ республикэ Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ.

ЗЭІУЩІЭР къызэрагъэпэщат коронавирус уз зэрыщІалэм зыщыхъумэнымрэ земыгъэубгъунымкІэ иджыпсту къэралым щыгъэува мардэхэм тету икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и унэм щІыхьэхэр псори дизинфекцэ ящІырт.

КъБР-м и хабзэгъэув Іэнатіэм и Унафэщі Егоровэ Татьянэ ар къыщызэІуихым къызэхуэсахэм ягуригъэІуащ зи ныбжьыр илъэсищым щыщІэдзауэ илъэсиблым нэс сабийхэм я адэ-анэхэм мазэ къэс иратыну ахъшэм теухуауэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зыщыхуигъаззм хэІущІыІу ищІахэм хабзэр я лъабжьэ зэрыщІын хуейр. Абы папщІэ республикэ законым зыхуеину зэхъуэкІыныгъэхэр парламентархэм халъхьапхъэщ.

Апхуэдэу щыт пэтми, зэІущІэр къыщІадзащ кадр Іуэхугъэмкіэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Конституцэ судым и судья-секретару ягъэуващ Мовсисян Грант. КъыщынэмыщІауэ, Тэрч судыщІэ щІыналъэ №3-м, Аруан судыщІэ щІыналъэ №4-м, Бахъсэн судыщІэ щІыналъэ №96-м зэзыгъэкІуэ судыщІэу зэрызэхІэлъыкІуэу ягъэкІуэну арэзы техъуащ ГъущІапщэ Анзор, Къэрмокъуэ Анзор, Ташу Мухьэмэд сымэ.

Адэкіэ еджэгъуитІкІэ зэуэ къащтащ «Унагъуэр, анагъэр, адагъэр, сабиигъуэр хъумэным и Іуэхугі эм» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым и законым и проектыр. Ар къыхилъхьащ республикэ Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкіэ и комитетым и унафэщІ Къэжэр Хъусен. Абы къыхигъэщащ законопроектыр зэрагъэхьэзырар федеральнэ законодательствэм теухуэу икІи иужьу халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэр къыщыІытыгъэ зэрыщытыр. Документым хагъэхьэну щІэлъэІуу зэхъуэкІыныгъэрэ дэщІыгъужьныгъэу щэщІым щІигъу къагъэхьащ. Нэхъ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІаращ. Абы ипкъ иткІи ди республикэм и щІыналъэм щыгъэувыпхъащ илъэсищым щыщІэдзауэ илъэсиблым нэс къыззщІиубыдэ ныбжь зиІэ сабийхэм мазэ къэс иратыну ахъшэр. А зэхъуэкІыныгъэр къыхалъхьащ «Сабий зиІэ унагъуэхэм къэрал дэІэпыкъунигъэ адэкІи етыным и Іуэхугі эм» 2020 гъэм гъатхэпэм и 20-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ ахъшэ пыухыкІа мазэ къэс етыпхъэу зэрыгъэувын хуейм тету.

- А ахъшэр хуагъэув илъэсищым щыщІэдзауэ илъэсиблым нэс къызэщІиубыдэ сабий зиІэ унагъуэхэм, абы щыпсэу дэтхэнэми тещІыхьауэ щІыхур кърипсэуфын папщІэ и пэ кьит илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм и етІуанэ квартэлым щагъэбелджылам ику итым я хэхъуэр фІэмыкІмэ, - къыхигъэщащ Къэжэрым.

СабиитІ е нэхъыбэ щапІ унагъуэхэм ахъшэр дэтхэнэми щхьэхуэу щрат, къэгъэлъэгъуа ныбжьым итхэм. Мазэ къэс къратыну ахъшэр илъэсым зэ хуагъэув адэ-анэм языхэзым е хабзэкІэ сабийм и сэбэпынагъэр пхызыгъэкІым. Абы папщІэ фІэкІыпІэншэр зыщ - адэ-анэри, сабийри, абы и сэбэпынагъэр пхызыгъэкІ нэгъуэщІри Урысей Федерацэм и цІыхуу щытын икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм щыпсэун хуейщ.

Апхуэдэ сабий зыщІэс унагъуэхэм ират ахъшэм и куэдагъыр и ныкъуэм хуэдиз мэхъу, а ахъшэр къратыным щІэлъэІуу тхылъ щыщІалъхьам и пэ кьит илъэсым и етІуанэ квартэлым ди республикэм щагъэува нэхъ мащІэ дыдэу цІыхур зэрыпсэуфыным и куэдагъым.

«Унагъуэр, анагъэр, адагъэр, сабиигъуэр хъумэным и Іуэхугі эм» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым и комитет нэхъыщхьэхэм я Іэтащхьэхэр. Къапщтэмэ, Экономикэ политикэмкіэ, инноваци зыужьыныгъэмрэ хьэрычэтыщІэмкіэ комитетым и унафэщІ Іэпщэ Заур и гугъу ищІащ коронавирус уз зэрыщІалэм зимыуБгъун икІи зыщащхьымэн папщІэ ягъэува Іуэхугъуэхэм хьэрычэтыщІэ мащІэмрэ курытымрэ кхъухьэ гугъуехьхэм. Мэкъумэш Іуэхугъэмкіэ, щІым и хъугъуэфІыгъуэхэр къэгъэсэбэпынымкіэ, экологиемрэ дыкъэзыІухьурехь дунейр хуымэныкІэ комитетым и пашэ Текіуэм Артур щигъэгъуэзащ гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр ди республикэм зэрыщекІуэкІым. Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэрэ я Іуэхугъэкіэ комитетым и унафэщІ Емуз Нинэ хъыбзэуІ зэпэщІэхьауэ егъэджэныгъэр егъэкІуэкІыным кьишэ ныкъуасыгъэхэм.

ЗэІущІэм и кІэухым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ ижьыри зэ псоми ягу кьигъэкІыжащ Іэмал зэриІэкІэ цІыхухэр я унэм щІэгъэсыжьным, зэхэзекІуэр гъэмэщІэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

- Фи щхьэри фи Іыхьлыхэри фхъумэ, - жиІащ абы. - Си фІэщ мэхъу псори дызэхыхьэмэ, ди къарумрэ зэфІэкІымрэ зэщІэдгъэуІуэмэ, щытыкІэ гугъум хэщІныныгъэншэу дыкъызэрикІынур. Ар псом ящхьщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкіэ и министрым и къалэнхэр игъэзащІэу **Езауэ Анзор Къылышбий и къуэр** гъэувын.

2. «Къумыкъу І. М. теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 23-м къыдигъэкІа Указ №21-УГ-м къару имыІэжу къэлъытэн.

3. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэлыжьыхьым и 9-м
№37-УГ

● Бахъсэн щІыналъэ

Дэтхэнэми гурагъаІуэ

Бахъсэн щІыналъэм и Оперативнэ штабым пщэрилъ зэращищІам тету, абы хьыхь къуажэ 13-м къыщызэрагъэпэщащ коронавирус уз зэрыщІалэр щыета ма зэманым дэтхэнэри Іэмал зэриІэкІэ и унэм исыжмэ зэрынэхъыфІыр ягурызыгъаІуэ лэжьакІуэ гупхэр.

БАХЪСЭН щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ Улымбащ Лерэ хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, лэжьакІуэ гупхэм хэтхэм къуажьдэсхэм зыхуагъаззурэ гурагъаІуэ щхьэусыгъуэшхуэ ямыІэмэ, цІыхухэр куэду щызэхуэс щІыпІэхэмрэ уэрамхэмрэ къыдэмыхьэну, жылагъуэ транспортым, уеблэмэ, щхьэзакъуэ автомашинэхэм, имытІысхьэну. Іэмалыншэ дыдэ хъурэ къыдэкІмэ, щагъэгъуазэ нэкІуІупхъуэхэмрэ Іэлъэхэмрэ къыззрагъэсэбэпыхьэм, адрейхэм метр хуэдизкІэ нэхъ пэгъунэгъу зэхуэпщІ зэрымыхъунум.

Лэжьакіуэ гупхэм хэтщ къуажэхэм я къулыкъущІэхэр. Абыхэм я Іуэху щхьэпэр махуэ кэци ирагъэкІуэкІынущ, уз зэрыцІалэм зиубгъуныр къызэтеувыІэхукІэ.

КЪАУДЫГЪУ Заур.



● Тхьлъатэщ

Ещанэ къыдэкІыгъуэ

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал щІэныгъэхутэ институтым дунейм къытригъэхьащ нэмыцэ тхыдэдж цІэрыІуэ Нойманн Карл Фридрих и Іэдакъэ къыщІэкІауэ «Народы Северного Кавказа в европейской культуре и общественном сознании». Историографические и источниковедческие аспекты» фІэщыгъэм щІэт тхылъ гъэщІэгъуэн.

XVII - XVIII лІэщІыгъуэхэм псэуа щІэныгъэлІым и лэжьыгъэм кавказ бгырысхэм увыпІэ хэха щауфыд. Абы щыхьэт тохъуэ зи гугъу тщІы тхылъри. Мы къыдэкІыгъуэр Іыхьлых мэхъури, дэтхэнэми бгырыс лъэпкъхэр зэрызэфІэува, ахэр лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм зэрыхэпсэукІам нэІуасэ ухуащІ. Мис ахэр: «Кавказымрэ абы щыпсэуэмрэ», «Адыгэхэм я тхыдэжьым щыщ Іыхьэхэр», «Адыгэхэм я иджырей тхыдэм щыщ Іыхьэхэр», «Урысеймрэ Кавказымрэ», «Адыгэхэр», нэгъуэщІхэри.

Тхылъым и гуэдзэнхэм гурыІуэгъуэу къыщыхьащ адыгэбзэм хэлъ грамматикэ щхьэхуэныгъэхэр, псалъэр къызэрыхъу, зэрызэхэт пкъыгъуэхэр. Урыс-адыгэ псалъалъэ кІэщІи къыщихьын хуэзэфІэкІащ мыбдеж Нойманн Карл. Хуей дэтхэнэми, бзэм и Іофыр зыхищІэфын хуэдэу, гуэдзэнхэм адыгэ макъамэхэри ядэщыгъужащ.

Тхылъым и жинтыр гъэдэхащ «Кърымымрэ Кавказымрэ, хы фІыщІэмрэ Каспийрэ къиубыду» картэм щыщ Іыхьэмкіэ (1872).

Мы къыдэкІыгъуэр кхъуэщхьэпэнущ щІэныгъэлІхэм, тхыдэджхэм, егъэджакІуэхэм, тхыдэр зыфІэгъэщІагъуэн дэтхэнэми.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

● Банк Іуэхухэр

Іэмал лантІэхэр къигъэсэбэпкІэрэ

Урысейм и хъуапІэ банкым щІыхуэ зритахэр зэрыхуапшыныхь пІалъэм зэхъуэкІыныгъэхэр хелъхьэ.

«КРЕДИТ каникулхэр» зыфІища Іэмал лантІэр къигъэсэбэп хъунущ 2019 гъэм и иужьрей мазэм къриубыдэу зи хэхъуэр (къэрал Іуэхущ Іапі эхэм къыщыІэрыхьэ улахуэр) нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм къытІасэу зэрыщытым нэхъри нэхъ мащІэ зэрыхъуар махуэ 90-м и кІуэцІкІэ игъэхьэзыра и тхылъхэмкІэ къэзыгъэлъэгъуэфым.

Абы ехьэлІауэ 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м къыдэкІа федеральнэ унафэ №106 - ФЗ-м дызэрыт мазэм и 3-м къыщыщІэдзауэ къару иІэщ. А хабзэм къызэригъэувымкІэ, зи гугъу тщІы пІалъитІыр щызэригъапщэкІэ, зи хэхъуэр процент 30-кІэ е нэхъыбэкІэ нэхъ мащІэ хъуа цІыхуэращ хуитыр кредит каникулхэр къагъэсэбэпыну. Абы щыгъуэми, а унафэм къару щІэр дызытепсэлъыхь щІыхуэм хуэдэкэр 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м ипэкІэ къыІрахамэщ.

А псом къыдэкІуэуи къыхэгъэщІапхъэщ, зэрипшыныжыну пІалъэр зыхуагъэІэпэхьуэр къищта ахъшэр зыхуэдизыр ми пщалъэхэм фІэмыкІмэщ:

- ипотекэ кредитхэмкІэ - сом мелуан 1,5-м;
- автокредитхэмкІэ - сом мин 600-м;
- щхьэзакъуэ хъэрычэтыщІэхэм къагъэсэбэп хьэпшыпхэм папщІэ къащтахэр - сом мин 300-м;
- цІыхуэхэм я щхьэ ІуэхукІэ къагъэсэбэп хьэпшыпхэм папщІэ къащтахэр - сом мин 250-м;
- цІыхуэхэм я Іыгъ кредит картэхэмкІэ - сом мини 100-м.

БЭРАУ Бышъ.

Югослав къуажэр хуит къэзыщІыжахэм яхэтщ майор Романенкэ Владимиррэ тІасхъэщІэх ныбжьыщІэ Жайворонок Витярэ. *1945 гъэ, мэлыжьыхьым и 11*



Сэхъуокъуэ Хьэтыкъэрэ и щхьэгъусэ Чэдихъанрэ.

УІэгъэ мыкІыж

Я щІалэгъуэу, я къару илъыгъуэу, унагъуэр, зыдэс жылагъуэр, республикэр, къэралыр бащэкІэ къащыгугъыу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу мин Іэджэ ихьащ Хэку зауэшхуэм. Абыхэм ящыщщ Дохъуашыкъуей (Старэ Шэрэдж) щыпсэуа Сэхъуокъуэ Хьэтыкъэ. Бийр Совет Союзым къыщІитеуэм, Къущхьэхъу хъуПІэм кърашыжри, фронтым дашащ Хьэтыкъэ. Зэкъуэшитху хъурти, щыр дэкІащ, тІур къагъэнащ. Абы щыгъуэ сабийуэ щытами, и адэр зэрежьар нобэми и нэгум щІэтщ Къуэшыкъуейхэ я нысэ Сэхъуокъуэ Любэ:

-СИ АДЭРИ си анэри шыгум ситІысхьэу щысльагъум, сыгъынанэу куэбжэпэм деж сыщыпт. ИтІанэ си адэр гум къелъэри: «Умыгъ, сэ пшынэ къыпхуэсхьыну сыкІуэу аращ, сыкъэкІуэжынущ», - къызжиІэщ, си щхьэфэм Іэ къыдилъэри ежьащ. ТІэкІу нэхъ сыкъыдэкІуэтея нэужь къызэрысщІамкІэ, Иуан Зыхьчэн щыпсэу бригадиру къуажэм диІэт зылІ, Іыхьлыгъэкіэ къыдгухъуэ. Аращ зи шыгум ису дэкІар. Щежьэм щыгъуэ си анэм кьелъэІуауэ къыскуиІуэтэжырт: «Си Іэ еІуСауэ зы къуэщІий дэлъыхьункІэ, мы пшІантІэр умыбгын», - жери. Тхьэ, игъэзэщІам и уэсятыр си анэм.

Хьэтыкъэ и щхьэгъусэ Чэдихъан зеиншэу къэхъуат, и адэм «кулак» фІащри ягъэкІуэдауэ. Бийр ди щІыпІэм ирахужа нэужь, абы и фэм дэкІам щІэи ГъунИ иІэкъым. СабиитІ къыхуэнауэ, гектар нЫкъуэ белкІэ кьитІыну и пщэ дэлъу. Жэщыбгым къэтэджра, хъыджэбз щыкІуитІым яшхьи игъэхьэзырын хуейуэ. Абы щыгъуэми ипщэфІын дахэ-дахэу имыІэу. И анэм и фэм дэкІар зыІлъагъу абы ипхъу нэхъыжьы Любэ хъыджэбз, щІынэу, и Іэпкълъэпкъыр зэрымыубыдауэ, Іэнатіэ Іуувэн хуей хъуащ. Гъэзгу зыщІэкъм яхьыхэри, ильэсиплікІэ яхэтащ, лэжьыгъэ хьэлъэ бгъэдэту. НэгуащІ Іэнатіэхэми пэрытащ. Пэжьыгъэм, гущІэм и гъэзгу дзэгъэзнигуэхэм Сэхъуокъуэ Любэ зэрапсыхьам и щыхьэтщ и щІалэгъуэу, и дахэгъуэу ичА лъэбакъуэр - зи щхьэгъусэр дунейм ехьжа, бынитху къызыхуэна Хъуэшыкъуейхэ Пщыізэбий дэкІуэри, абы и бынхэр зыхуей хуигъэзащ.

Зауэр уІэгъэ мыкІыжу зи гум кьытенахэм щыщщ Старэ Шэрэдж дэс Къуэшыкъуейхэ Жорэрэ абы и щхьэгъусэ Ленэрэ. **Къуэшыкъуей ТІытІу** 30 гъэхэм икуухэм Іэпхъуат нобэ Джэрпэджэж кьуажэр зэрыс щІыпІэм.

Ар я гъавэ щІапІэт жылэм. Абы фыз къыщишэри (Тхьэкъуахъуэ Линэ) бынихи зэдагъуэтат. Арщхьэкіэ псэууэ кьэнар щІалищщ. Джэрпэджэжым къыщызэрагъэпэща колхоз щыкІуи и председателу хахри, ильэс зыбжанэкІэ а Іэнатіэр зэрихьащ Къуэшыкъуейм. 1939 гъэм къэІэпхъуэжащ и жылэжьым. КъыІэдэкІуэжам колхоз складым счетоводу ягъэуври, зауэр кхъхьеихукІэ абы пэрытащ. Бийр къэралым кьытеуа нэужь ягъэ дэкІахэм ящыщщ ТІытІу. Зэ закъуэ унагъуэм къахуигъэхьа письмом итт ар Баку уІэгъэщІэм зэрыщІэлъыр. Абы иужькІэ и хъыгъэ кІапэ къэлэрыхьахьыр. КІыригъэзэжакъым абы и кьуэшІ Азрэти. А тІум я анэ Дисэ гъуэгурыкІуэ и гъащІэр ихьащ, и щІалитІым яз

Къуэшыкъуей ТІытІу

зэрымылъагъэжьнур хуэмыгъэткІуу, ар гуауэу и псэм тельу.

- Ди унагъэр, ди анэмрэ си къуэшитІымрэ, 1944 гъэм, балъкъэрхэр ди щІыпІэм ираша нэужь, аргуэру дыІэпхъуэжьи хуейуэ унафэ кьытхуащІащ, - игу кьеГэкІыж ТІытІурэ Линэрэ я къуэ Жорэ. - Абы дэ ерыскьыкІэ гугъу дызэрыщІэкар псалъэкІэ кьыпхуэІуэтэнкъым. Мылажьэм шхынхэкІ зыри иратыртэкъым. Ди анэм хьэжьигъэ тІэкІу кьрату арати, ари дыджти тхуэшхыртэкъым. Губгъуэ лэжьыгъэ хьэлъэм зэрыбгъэдэтым ищІыІужкІэ, налог тІелъэр тхуэмыту. Мыпхуэдэ къэхъуащ: ди анэр афІэгъэныхь хъури шыгу кьратащ, пхъэ пиупщІу, Налшык щищІу, абы къыщІэкІыр налогыу итын хуейуэ. Хьэсэней къужэм нэсауэ и гу шэрхъыр щІэщІыкІри утыку къинауэ щытащ...

1957 гъэм, и щІалищыр щІыгъуу, Линэ аргуэру къэІэпхъуэжьи хуей мэхъу Старэ Шэрэдж. А гъэм я щІыпІэм къагъэзэжат балъкъэрхэм. Сыт ящІэнт, щІэрыщІэу лъапсэ зэрагъэпэщыжащ, бэлыхьищэр ятелъу.

Жорэ и щхьэгъусэ Ленэ нобэр кьыздэсым и гущхьэм гуауэу телъщ и дэлъху **Къэгъэзэж Ехьа** и кІуэдыкІар зэрымыщІэр:

- Си анэм зэрыжиІэжамкІэ, адрейхэм кьахэщу си дэлъхур щІалэ щІынэшхуэт, лъагэт, - игу кьеГэжкІыж Ленэ. И илъэс бжыгъэр иримыкъуауэ даша мыгъуэщ, зэрыиным щхьэкІэ. И сурэт къудеи кьытхэзнакъым. ХэкІуэдахэр зэрыт тхьылхъэми и щІэр тэмэму иратхакъым. Зауэм хэтахэм я сурэт яІыгГэщ уэрамым кьыдихьэу телевизоркІэ щысльагъуКІэ, Тхьэ, си нэпсыр схуэмыубыд ... Си дэлъху Шэмсэдини апхуэдам. «И сурэт щыдимыІэжкІэ, нэгъэщІ мыхъуми, си къуэшыр зэ закъуэ пщІы-хьэпІэу сльэгъащІэрэт», - жиІэу и нэ кьимкІыу, ари илъэс зыбжанэ ипжІэ дунейм ехьжам...

ЗИ ГУГЪУ кІэщІу фхуэсщІа унагъуэхэм яхуэдэ куэд игъэгуІащ а зауэ мыгъуэжьым. Зауэр зэриухрэ илъэс 75-рэ дэкІыжами, си Іыхьлыхэр зыфІэкІуэдахэм ноби сакъыу яхуэмы абыхэм я фэеплъ нэхухэр. Хэку зауэшхуэм къаридза удыныр уІэгъэ мыкІыжу я гум кьытенащ абыхэм.

МЫЗ Ахьмэд.

ГубэщІыкІ Владимир Исмэхьил и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэщІыныгъэшхуэ игъуэтащ. Хьэлъэу сымэджа нэужь, дунейм ехьжащ Къ�basic-м и МВД-м и Следственнэ Іуэхущ1апІэм, иужькІэ МВД-м и штабым я ящэ унафэщІу щыта, КъБР-м юстицэмкІэ и министру лэжьа, СССР-м и Сбербанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ къулыкъур ильэс 20-м щІигъкІэ зыІэщІэлъа, абы и директорхэм я советым хэта, Дунейпсо Адыгэ Хасэм Регитрацэкім и комитетым и тхьэмадэу щыта, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ, Іэщ1агъэлІ щыпкъэ икІи хэкупсэ нэс Губэщ1ыкІ Владимир Исмэхьил и къуэр.

Губэщ1ыкІ Владимир Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лэскэн щ1ынальэм хьыхьэ Хьэтуэй къуажэм 1933 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм къыщ1алъхуат. Курыт школыр ехьуІэныгъэкІэ къ1ухэ нэужь, ар щІэтІысхьащ икІи фІы дыдэу къ1ухащ Москва къэралуниверситетым и юридическэ факультетыр. Къ1ыхиха Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэ хэхъуэрэ зэзэгъэнэгъэ адыгэ щІалэр абдежми къ1ыщ1ыуВыкъым. Абы и щІэныгъэм аспирантурэм щ1ыхигъэхъуащ икІи ди лъэпкъым щыщу ягъэ дыдэу юридическэ щІэныгъэхэм я кандидат хъуарэ аращ. Иужькіи абы и кьалэмыпэм кьыпыкІащ щІэныгъэ хабзэрэ зыхэтынгъэ лэжьыгъэ куэд.

Хэкупсэ нэсу дунейм тетащ Губэщ1ыкІ Владимир. Ар зымыщІыху е и цІэр зэхэзымыхьа ди республикэм ису къ1ыщІэкІынкъым. Зригъэгъуэта щІэныгъэ куумрэ ирихьэкІа кулыкъу лъагэхэмрэ, адыгэбзэмрэ адыгэ Іэхъумрэ пэжжьэжу щытами, кьызыхэкІа лъэпкъым и зыужьныгъэр, ифІ зыхэлъ Іэхъухэр гъэкІуэтэныр зэи Іэщ1ыб ищІакъым. «Уи лъэпкъ гъэин, нэгъэщІ лъэпкъ умыуб» псалъэхэр зи гущІэ гъуазэу псэуа хэкуІ нэсыр жыдэжьэу яхэтащ «КъБР-м ис лъэпкъхэм я бзэхэм теухуа» хабзэр зыгъэхьэзыра гупым, уеблэмэ абы и Іэтащхьэу щытащ. Владимир езыри ящыщт анэдэлъхубзэр екІуу, дахэу зыгъэшэрыуэхэм.

ИрихьэкІ къэрал къулыкъу лъагэхэм къадэкІуэу, Губэщ1ыкІыр жыджэру хэтащ республикэм щекІуэкІ жылагъуэ Іэхъухэм. ДАХ-м Репатриацэмкіэ комитетым и пашэу щыту, абы Іэхъу щхьэпэ куэд зэфІигъэкІащ ди лъэпкъэгъу хэхэсхэр хэкужым къешэлІэжьным хуэгъэпсауэ. Владимир яхэтащ хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэпыщІэныгъэм и лъабжьэр зыгъэтІылъаэм.

Іэщ1агъэлІ гъэзэджэр «АСКРЕДИТ»-м (КъБР) и къ1ыззэпэщІакІуэхэм я советым и тхьэмадэуи щытащ, ди щІалъхьэм и зыужьныгъэм хуэщхьэпэн лэжьыгъэшхуэ зэфІэзыгъэкІэхэм халъытэу.

Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэр гулъытэнщэ хъуакъым. Губэщ1ыкІ Владимир къ1ыхуагъэфэщащ ди щІыпІэм и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр. Владимир иІэт республикэм и Парламентым и Щ1ыхь тхылъри. Ар РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ щ1ыхь зиІэ я юристщ.

Губэщ1ыкІ Владимир Исмэхьил и къуэм, зэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэлъа, нэмысыщхьэрэ хабзэрэ зыхэлъа, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ хъэлэмэтым, жылагъуэ Іэхъухэри яжджэру дзэзыгъэкІыфу, къэралым куэдрэ хьэлэлу ухэлэжьа ЛІы щ1ыпкъэм и фэеплъыр адыгэ лъэпкъым щ1ыгуп1энукъым. Унагъуэ дахэм и тхьэмадэу, адэ гумащІэу, адэщхьэ Іуиахуэу, ныбжьыгъу пэжу, Щ1ыху гуапэу икІи гущІэгъуныуэ зи гъащІэр езыхэкІа нэхъыжьыфІым и фэеплъыр апхуэдэу яхъумэнущ абы къ1ыщІэна унагъуэ дахэм, ныбжьыгъу, лэжьэгъуу иІахэм, зыц1ыхуу щытахэм.

Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэщІэзэгъэІуэ совет, «Адыгэ псалъэ» газет, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэ.

Урысей Федерацэм Юстициэмкіэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ управленэм, «Урысейм и ХьуманІэ банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэ №8631-м, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» ОО-м, Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэщІэзыгъэуІуэ советым, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман» газетхэм РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ щІыхь зиІэ я юрист, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэ хэт **ГубэщІыкІ Владимир Исмэхьил и къуэр** дунейм зэрехьажьыкІа хьылар фагъащІэ икІи абы и унагъуэмрэ Іыхьлыхэмрэ яхуогузавэ.

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и кубокымрэ чемпионатымрэ

Гьатхэпэм и 21-м зэхаублэн хуеящ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэр. Абы къыкІэлъыкІуэ тхьэмахуэм щІадзэнут КъБР-м футболымкІэ и гъэмахуэ чемпионатым. Арщхьэкіэ, корэонавирус уэ зэрыщІалэм и зэранкІэ ди республикэм, дунейм и щІыпІэ куэдми хуэдэу, щэнхабзэ зэхьыхьэхэри, спорт зэхьэзэхуэхэри, уеблэмэ цІыху зэхуэсхэри къыщыдгъэзэрагъэувыІащ.

АПХУЭДЭ унафэ ящІын и пэ Налшык и «ДыгъафІэ къалэм» и стадионым щызэхэтащ хуабжьу удэзыхьэх зэІущІэ - Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм щыжьегунгр хэтми зэхагъэкІащ Къэрэгъэзу и «Инальмэрэ» «Псыхуэдзэрэ». Апхуэдэ дыдэ зэпеуэм ахэр бжьыхьэ кІуам къыщыхагъэщІат Бабугент и «ЛогоВАЗ»-мрэ «Шэджэм ЕтІуанэмрэ», арщхьэкІэ, Къэхъун и «Керт»-р езым и фІэфыныгъэкІэ чемпионатым зэрызэкІыжам папщІэ, я ныкъуэ къызэрикІым ерпльыну аргуэру зы Іэмал яГуэтат.

«ДыгъафІэ къалэм» щыІа зэІущІэр гуащІэ дыдэ хъуащ. Къэрэгъэшрэ Псыкуэдрэ кьикІахэр щІэхьуэпсыр мы илъэсым гуп нэхъыщхьэм къыщыхутэу къ1адэщІэкр ягъэгуфІэну. Арщхьэкіэ апхуэдэ зыхуэзфІэкІынрэ тІум я зырт.

Джэгум и кІыхьагъкІэ лъэныкъуэхэр зыр адрейм къыпикІуэтакъым. Дакъикъэ бгъущІыр щиухам бжыгъэр 1:1-т. Зыгуэр темыкІуауэ зэбгъэдэкІыжх хъунутэкъыми, аргуэру сыхьэт ныкъуэ зэІущІэм къыщІагъуащ. Абы и ящэ дакъикъэ пщыкІутхуми «Инальмрэ» «Шэджэм ЕтІуанэмрэ» топ зырызкІэ зэхъуэжащ.

КІэух Іыхьэращ нэхъ лъэщыр щызэхкІар. Зэман кІэщІым кьэрибыдзу къэрэгъэшдэсхэм яхузэфІэкІащ, я къуэрэгъэухэм топитІ худгъэзыжу, текІуэныгъэр зыІэрагъэхьэну. Абы къокІ «Инальр» КъБР-м футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм кІуауэ.

Къэхъун и «Керт»-м дэщІыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатым хэкІажащ иужь илъэсхэм гъэмахуэ, щІымахуэ зэхэзэхуэхэм, Іэтащхьэм и кубокми сыт щыгъуи щытекІуа Бахьсэн и «Автозапчасть»-р. Хьыбар къызэрытІэрыхьамкІэ, абы и спонсорыр фІэкІуэдащ. Иджы «Автозапчасть»-м и пІэкІэ а къалэр дыдэм и «Бахьсэныр» зэхьэзэхуэм хэтынущ.

Ухэзыгъаплъэщ иужь илъэсхэм республикэм тепщэныгъэр щызыІыгъа командэ ящІэнт1 зэуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатым езыхэм я фІэфыныгъэкІэ зэрыхэкІыжыр. «Автозапчасть»-мрэ «Керт»-мрэ зыхэмыт зэхэзэхуэр кудкІэ нэхъ льэрымыхь зэрыхьунум шэч хэлъкъым.

Фигу къэдгъэкІыжьыкІи, КъБР-м щызэхэт спорт зэпеуэхэр мэлыжьыхьым и 11 пщІондэ зэпагъэуауэ щытащ, ауэ иджы кьыпащэн хуей хъуащ. Абыхэм щызэІадзэжьнур коронавирусым и щытыкІэращ зэлъытар. Къапщтэмэ, иужьу вэсэмахуэ кьыпІэрыхьа хьыбарым кьыхуоц Урысей Федерацэм тонджэгур накъыгъэм (майм) и 31 пщІондэ зэрыщызэтрагъэувыІар.

ЖЬЛІАСЭ Заурбэч.

● Гъэлъэгъуэныгъэ

«Хьэршым къикІ фІэхъус»

Урысей гвардием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ управленэм и лэжьакІуэхэм я бынхэм Авиацэмрэ космонавтикэмрэ я дунейпсо махуэм ирихьэлІэу ящІа сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэ социальнэ сетхэм къыщыдгъэзэрагъэпэщ. Абы фІащащ «Хьэршым къикІ фІэхъус».

ВЫСТАВКЭМ хагъэхьэнущ цІыхум хьэршыр къызэригъэІуэрыщІам, абы ягъэу зэрыльэтамрэ щрагъэжьКІ къэхутэныгъэхэмрэ ятеуха лэжьыгъэхэр. Апхуэдэ щІыкІэкІэ хабзэхъуэмэхэм я бынхэм мурад ящІащ дунейпсо тхьдэм и лъэхъэнэщІэм щыщІидза 1961 гъэм мэлыжьыхьым и 12-мрэ Авиацэмрэ космонавтикэмрэ я дунейпсо махуэмрэ хуэфащэу Іущ1ыну. Интернетгъэлъэгъуэныгъэр пщдэй къызэІуахыну.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 11, *щ1эбэт*

♦Фашист гъэрыпІэм исахэр хуит къызэращІыжам и дунейпсо махуэщ. 1945 гъэм гъатхэпэм и 11-м къызэрыІэтауэ щытащ нэмыца лагерь нэхъ ин дыдэхэм ящ1ыщ Бухенвальд (Германием и Веймар къалэм пэмыжьыжьэу щащІауэ щытащ) исхэр.

♦Паркинсон узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ. Азыфэрр къэзыхута дохутыр Паркинсон Джеймс къыщалъхуа махуэм (1755 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м) техуэу яГъэуващ 1997 гъэм.

♦Кърым Республикэм и Конституцэм и махуэщ. 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м Кърым Республикэм и Къэрал Советым къыщІащ.

♦1147 гъэм ягъэ дыдэу къагъэсэбэпауэ щытащ «Москва» псалъэр.

♦1803 гъэм Франджым нэгъуэщІ къэрал Іэхъухэмкіэ и министр Талейран Шарль жэрдэм къ1ыхилъхьащ я Луизианэ щІынальэр зэрыщІыту США-м иращэным теухуауэ.

♦1857 гъэм император Александр ЕтІуанэм Урысейм и Къэрал гербыр - щхьит1 зыфІэт бгъэр зыхэщІыхьар - къэщІэным теухуа унафэ ищІащ.

♦1909 гъэм къэлэщІэм, зы илъэс дэкІмэ, Тель-Авив зыфІащІынум, и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

♦1919 гъэм Лъэпхъэмкіэ Лигэм егъэщІылІауэ къызэрагъэпэщащ Лжжьыгъэмкіэ дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦1927 гъэм лэжьакІуэхэм, мэкъумэщІыщІэхэм, сэлэтхэм я Белоруссие VIII съездым къыщащтащ Республикэм и Конституцэр.

♦1944 гъэм Керчь къалэр фашистыдзэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦2008 гъэм Вашингтон (США) къыщызэІуахащ Журналистикэмрэ зыбарыщІэхэмрэ я музей.

♦Адыгей тхьбзэр зэхэзылъхьа **БеІкІуэу Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэси 128-рэ ирокъу.

♦Совет циркым и артист, иллюзионист цІэрыІуэу щыта **Кио Эмиль** (и унэцІэ дыдэр **Гиршфельдщ**) къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦Сорбоннэ (Франджы) дэт университетыр къэзыуха, филологие щІэныгъэхэм я доктор **Батокъуэ Нияз** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦СССР-м и кьэхьалъатэзэхуэ-космонавт, Совет Союзым и ЛІыхъужь, Адыгейм и Тохьутэмыкъуей щІыналъэм хьыхь Енем кьуажэм къыщалъхуа **Березовой Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Совет футболист, спортым и мастер, къэрал щІыхь зиІэ тренер **Ярцев Георгий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Актёр щІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Гаркалин Валерий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Налшык къалэм къыщалъхуэ уэрэджыІакІуэ щІэрыІуэ, КъБР-мрэ Ингушымрэ я цІыхубэ артист, КъШР-м щІыхь зиІэ и артист **Амирамов Ефрем** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Адыгэ уэрэджыІакІуэ **Аслъэн Іэсит** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щы-щытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градуси 6 - 7 щ1ыхьынущ.

Мэлыжьыхьым и 12, *тхьэмахуэ*

♦ЦІыхум хьэршым япэу лъагэуэ щ1ыхиа дунейпсо махуэу ООН-м игъэуващ

♦Авиацэмрэ космонавтикэмрэ я дунейпсо махуэщ. 1961 гъэм Гагарин Юрий «Байконур» щ1ытІыпщэ «Восток»-кхъухьэм иу дунейм щ1ыпІэу хьэршым льэтащ.

♦Урысейм Белоруссиемрэ щагъэльэпІэ ПВО дзэхэм я махуэр

♦Къэзахъстаным ЩІэныгъэм и лэжьакІуэхэм я махуэр щагъэльэпІэ

♦1606 гъэм Инджылызым и пащтыхь Яков Езанэм Инджылызымрэ Шотландиемрэ я къэрал ныпыр къэщтэным теухуа унафэ ищІащ. Иджы ар Великобританием и къэрал бэракъщ.

♦1633 гъэм Италием щыщ астроном, физик Галилей Галилео и судыр Рим къалэм ящІэн щыщІадзащ. Илъэс 70 хьэуа щІэныгъэлІыр ягъэхьэуанэрт Коперник Николай и Іуэху еплъыкІэхэр, Дыгъэм и хъуреягъыр Щ1ым зы илъэсым къриубыдэу къызэрикІуэхьым теухуахэр, зэрыдиІыгъамкІэ.

♦1861 гъэм Урысейм и пащтыхь Александр ЕтІуанэм унафэ къыщІдгъэжІащ лэжьакІуэхэм папщІэ сымаджэщ Санкт-Петербург къыщызэІуахьыным теухуауэ.

♦1861 гъэм США-м Граждан зауэм, «Ищхъэрэмрэ Ипщэмрэ яку къыдэхъуэ зауэ» зыфІащам, щ1ыщІидзащ.

♦1919 гъэм Совет Урысейм коммунистхэм ягъэ щэбэт щ1ыхьэху щрагъэкІуэкІащ - Москва-Сортировочная станцым мафІэгуищ щызэрагъэпэщ1ыжауэ щытащ а махуэм.

♦1943 гъэм Франджым «Нант» футбол клубыр къщ1ызэрагъэпэщащ.

♦1985 гъэм Горький къалэм дэт заводым «Волга» ГАЗ-24 автомобиль лІэужьыгъуэм хуэдэу къщ1ыщІагъэкІар зы мелуан ирикъуащ.

♦Пьесэ щэ ныкъуэм щІигъу зи Іэдакъэм къщІэкІа драматург цІэрыІуэ, Петербург щІэныгъэхэмкІэ и академием и член-корреспонденту щыта, Урыс театрыр зэфІэувэным хэлъхьэныгъэшхэр хуэзыщІа **Островский Александр** къызэралъхурэ илъэси 197-рэ ирокъу.

♦Урысей империем и Министрхэм я Советым и иужьрей унафэщІу щыта **Голицын Николай** къызэралъхурэ илъэси 170-рэ ирокъу.

♦Урыс революционер, Ленин Владимир и къуэш нэхъыжь **Ульянов Александр** къызэралъхурэ илъэси 154-рэ ирокъу.

♦Актёр, СССР-м и цІыхубэ артист, РСФСР-м и Къэрал саугъэтыр зыхугъэфэща **Копелян Ефим** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Публицист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КІымыхъу Жылэбий** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Испаниием щІыщ оперэ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, къэрал куэдым я дамыгъэ лъапІэр зыхуагъэфэща **Кабалье Монсеррат** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ-уэрэдыз, дунейпсо конкурс куэдым я лауреат **Дербенёв Леонид** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, публицист **Къущхьэунэ Алексей** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Эстрадэм и актёр, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Гальцев Юрий** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, 2004 гъэм Афины щекІуэкІа Олимп Джэгуэхэм чемпион щІыхуэ, Урысейм а спорт лІэужьыгъэмкІэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ **Борзаковский Юрий** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щ1ыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэзык къыщІэкІынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жэщым градуси 3 - 4 щ1ыхьынущ.

Мэлыжьыхьым и 13, *блыщхьэ*

♦Рок-н-роллым и дунейпсо махуэщ

♦Гъуэзджэм, щэнхабзэм я лэжьакІуэхэм защІэзэІгъакъуэ псапащІэм и махуэр Урысейм щагъэльэпІэ

♦Дунейм и къэрал куэдым нобэ я анэдэлъхубзэмкІэ диктант щатх. 2004 гъэ лъандэрэ кьекІуэкІ а хабзэр хуэгъэпсауэ лъэпкъыбзэхэм зегъэужьыным.

♦США-м щагъэлъэпІэ я ещанэ президент, къэралым и щхьэхуитыныгъэм и Декларацэр зэхэзыльхьэу ар пхъзыгъэкІа Джефферсон Томас къыщалъхуа махуэр

♦1517 гъэм Каир щаукІащ адыгэ мамлюкыдзэм и дзэпщ ин Ал-Ашраф Тумэн-бей.

♦1895 гъэм Урыс Къэрал музейр къызэІуахащ.

♦1902 гъэм Урысейм щ1ыпІэу Санкт-Петербург и уэрамым ящэ троллейбусыр къыдыхьащ.

♦1923 гъэм Лондон (Инджылыз) къыщызэІуахащ «Уэмбли» стадионыр.

♦1934 гъэм Арктикэм и мылхэм «гъэр» ящІа «Челюскин» кхъухьым исахэр кьеГэлъыным теухуа лэжьыгъэхэр зэфІэкІащ. Шмидт Отто зи унафэщІ экспедицэм хэтахэр зэрыса кхъухьэр ящІ щІылъафэри, цІыхуи 104-рэ мазитІкІэ мылым тесын хуей хъуат.

♦1944 гъэм советыдзэм и 51-нэ армэм Кърымым и кьалащхьэ Симферополь нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІигъэкІыжащ.

♦1945 гъэм 2-нэ, 3-нэ Украин фронтхэм я дзэхэм Австриием и кьалащхьэ Венэ хуит кьащІыжащ.

♦1970 гъэм Атлантикэ хым щыщІилъэфащ Совет Союзым и К-8 атомнэ псыщІагъырыкІуэ кхъухьэр. Абы щыгъуэ цІыху 52-рэ зэкІуадат.

♦Урыс тхакІуэ, усакІуэ **Бедный Демьян** (и цІэ-унэцІэ дыдэр Придворов Ефимщ) къызэралъхурэ илъэси 137-рэ ирокъу.

♦Совет композитор, дирижёр, СССР-м и гимным и макъамэр (иджы УФ-ми ейщ) зытха, СССР-м и цІыхубэ артист, Сталиным и цІэр зезыхьэу щыта саугъэту тІу зрата **Александров Александр** (и унэцІэ дыдэр **Коптеловщ**) къызэралъхурэ илъэси 137-рэ ирокъу.

♦Адыгэ уэзщІакІуэ, Іуэрыпуатэдж **ГъукІэмыхъу Іэбубэчыр** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Шуфутинский Михаил** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщІм и къуэдзэу щыта **Хакамадэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей шахматист, дунейм и 13-нэ чемпион, политик **Каспаров Гарри** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп чемпионкэ **Навка Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щ1ыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 2 - 4 щ1ыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

● ЩІыпІэцІэхэр

Лъэпкъ Іуэрыуатэм поджэж

«Иныжь» псалъэм къытрагъэпщІыкІа щІыпІэцІэхэм Адыгэхэм я хэкужьым куэду зэрыщрихьэлІэу щытыгъам къэшэкъытехьэркъым. Абыхэм ящыщщ мы ди тхыгъэм зи гугъу щытщІынухэри.

Шапсыгъ щІыналъэ

- Иныжь къуладж. Шахэ ижь лъэныкъуэмкІэ къыщІихэхуэж и къуэпсымрэ ар къызыдэж тІуащІэ зэв цІыкІумрэ я фІэщыгъэщ.

- Иныжьытх. Иджырей шапсыгъ жылагъуэхэм нэхъ «зыхуэзфІэкІыу» яхэтхэм хабжэ Шахэкіеишхуэ жыжьэ къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ къыбгъэдэт къырылъэ-мэзылъэ шытхщ.

- Иныжьым ыгъэкІыгъэ (эпригъэзыкІа) къуладж. ХьэкІыцу (Хьэкіыв) зи фІэщыгъэ бгым и лъабжьэм къыщежьэу, ПсыфІ хэлъэдэж псы цІыкІумрэ абы зыщихъунщІэ хуэзу зэв цІыкІумрэ зэреджэщ.

Адыгэ Республикэ

- Иныжь хъоу. Афыпсыпэ кьуажэм ищхъэрэ-къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ къыпэщылъ къуэ бгъуэшхуэ хэшам апхуэдэу йоджэ.

Къэбэрдей щІыналъэ

- Иныжьыкхъэ. Мы фІэщыгъэмкІэ ноби зэхащІыхукІ Къармэхьэблэ, Бабыгуей, Зэрэгъыж кьуажэхэм я Іэгуэгъыблагъэхэм Іущхьэ тепльэ зэпІуэу куэду щызэхэт лъагаІэ зэмылІэужжьыгъуэхэр.

- Иныжьыкъуэ. Анзорей, Лэскэн ЕтІуанэ къуажэхэр зи жьэгу щІэс Мэзылъэ шытыхьэм псэущхьэ абрагъуэм щыжьэдитхъуа фІэкІа умыщІэну узыщІихуэзэ кьуэладжэ куу кІыфІыжьым апхуэдэу йоджэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Лъэпкъ Іущ1агъэр:

ЩІэныгъэрэ Іэщ1агъэрэ зэкъуэшщ.

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№37 - 39, 41-хэм итщ.).

ЕТХУАНЭ ЕДЗЫГЪУЭ

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ
Уафэбгыкъу и нэлат

Тхыдэ роман

КЪЭБЭРДЕЙМ пщы хасэ щыщы-зэхэта махуэ уейпсейр блэкІри, дунейм дыгъэпс дахэу зиукъэбзыжащ. Бахъсэн псыхъэм иджы къыдихурыкъым щІыІэбжь.

ХьэтІохъущыкъуейр махуэ бзыгъэ хуабэм гуапэу иоІуащэ. Пщэдджыжьышхэри зэфІэкІауэ, къулъшыкъур шэджагъуэпэплъэщ. Уэрам нашэкъашхэм къыщоІу сабий джэгу зэрызехьэжьм я дыхьэшх макъ. Зыщіы-пІэкІэ зиукІыжу щоІуэ адакъэ хэжея гуэр. ПщІантІэхьэжьм я зэпэбанэ мыухыжьыр а псом къэхьэжьри, уафэм лъахъшэу щызэрызехьэ фикъхэр жыжьэу Іуегъэщт. ГъащІэ курыкупсэщ - дыгъэпсу, жьгъырууэ, мамыру. Сыт и пІалъэ а гъащІэм?

Дунейм и щІыпІэ зэхуэмыдэхэм къикІыурэ куэдым я лІэужь щызэхэзекІуаф адыгэ-шэрджэс щыналъэхэм. Тетхыкьыжьхэри куэд мэхъу. ГъэщІэгъуэнракъэ, нэхугъэ кьахопс а зэхэзекІуэхэм я гъэзуанэ гукъэкІыж тхыгъэхэм. ЗамыгъэнщІу, ягъэщІагъуэу цІыху Іущ къэпэмэтхэр тетхыхьащ адыгэ хьащІэихьэгъуэм, адыгэпсэ зэІухам, цІыхугъэм. ЯфІэтелъыджу, зэхуагъэлъагъуэу яІуэтэжащ адыгэ-шэрджэсхэм къадекІуэкІ пасэрей хабзэхэр. ЯфІэхъуэпсэгъуэу кІэлъыплъу тепсэлъыхьыжащ нэхъыжьнэхъыщІэ, лІы-бзылъхугъэ зэхущытыкІэхэм.

А зэхэзекІуэхэр зыІэпишэрт къуршыщхэ уэсыльэхэм къапих нурым, мэз Іувхэм я щхъуантІагъэ псыалъэм, тафэ хуитхэм зыщыІэзыукъэдий хъупІэхэмрэ щІыгулъ вагъапхъэхэмрэ. Мэл хъушэ бжьыгъэншэхэр-ща! Ахэр псори, дауи, яІуатэм хуэдэт, дахэу, бжьыфІэу... Адыгэхэм якъуэлът ямыгъэхэІущІыІу щэхуэхэри. Пасэрей ущием -"Уи Іей уи гуэн лъапэ щыщІэтІэж» жьхуиІауэ, мы лъэпкъхэм яку иль фыгъуэ-ижэр, зэхуэдалъэ-зэдэуэжьыр, зэрытех-зэкущІэуэр, Іэмал зэриІэкІэ сэтей ямыщІу, псэурт адыгэ лІакъуэхэр. Псэурт... нобэр кІыздэсым щІызэрымыгъэтынш а хьэл мыхъымыщІэхэр къащыпекІуэкІыжьыр я махуэ мыгъэуу...

Къопс дыгъэр. Дахащэу къопсри, щІы тафэ хъуэпсар гъатхэ вэн-сэным зэряхуагъэхьэзырри, сабий емыщІэфІымыщІэжэр Іущхьэ пІалъэм зэрыщыдыкъэшхри и бзий-нэбжьыщ кІыхьхэм щигъафІэуэрэ гуапэу щІрегъэлъафэ.

Гъатхэхэплъэу Бахъсэн Іуфэ Іут ХьэтІохъущокъуэ Кургъуокъуэ и гупсысэри иКІуэтэжрыкІ. Сыт ар? А гум щІэпІастхъэр... Пльэмакъ зэхехри, пщы уэлийр къызоплъэкІ, и бейгуэлхэр къыззриІыгъууэр къыщеудри:

- Е, унэжьи, си ужь фыщІимыкІыхьхэр сыт? Сизакъуэну сыхуимытыжу! - губжьыр ятрекъутэ.

- Дыщыпсэу дунейр мамыру щытатэмэ, хъунут ар, - Кьарэжь бейгуэлым и жэуап щхьэкІэ и жып имыІэбэу, пщым педзыж.

- Сыт мыхъужьыр? Мамырыншэ мы махуэ хьэлэмэтыр? - щІегъуэжауэ ифІ зыкърешэж Кургъуокъуэ, и нэхэр щІикъуанцІэуэрэ жьжьэм хоплъэ: - Мес, Жэбагъы къокІуэри... Фыпежьэ.

- Къебгагъэ, Жэбагъы. Гурэ гурэ лъагъуэ яку ильщ, жи. Моуэ сыногупсыса къудейт.

- БлагъэфІ къыпхуихьэ, зиусхьэн, - пщым гуапэу Іуоплъэ Жэбагъы, - уи пщыгъэр лъэщрэ уи лъэужь дыщафэу. Сэри сыкъэзышэжьар уи гупсысэ лъагъэуэщ.

- СощІэ, Жэбагъы, сощІэ а лъагъэр... - жери Кургъуокъуэ и бейгуэлхэм захуэгъаазэ: - Унэм фекІуэлІэж хъунущ.

БейгуэлитІыр тІэкІу Іуклуэт защІри, псы Іуфэм цхьэщыт дзэлым зэрынэсу зэтоувыІэж, гъумэтІымэу. Сэбанш нэхъыжьхэм, Кьарэжь иоплъри:

- ХьэтІохъущокъуэм и псалъэщ - дэ ди Іэхъущ...

- Ныыкіуэт иджыри, пщыр къыткІэлъоплъ...

- КъыткІэлъырепль-тІэ. Зыгуэр къыщыщІмэ, дэращ зыдалъагъунур.

ХьэтІохъущокъуэр бейгуэлитІым яхущІэплъурэ:

- Мо тІур плъагъурэ, Жэбагъы... Мыдаіуэм и Іуэхур, - пщыр ирибамПэрт бейгуэлхэм зэрызаІэжьэм, губжьыр игъэІэсэурэ, иджы гъумэтІымэрт: - Еууей, адыгэ... Пщыи, уэркъи, лъхукъуэлІи, мо бейгуэлхэри - псори зэщыщщ. ЦІыкІурэ инрэ зыззхамыдзыжу, псори щхьэгъэкъ пльапэщІийщ. Псоми Іуащхьэмахуэу зыдрашеину яфІэфІщ.

- Уэрэщыщмыту зыбгъэлъагъуэ нэхърэ, къыпІэщыытым ифІ зытепІлъагъуэми нэхъыфІщ. «Нэм илъагъу щхьэм и уасэщ» жи.

- Дэгъуэу жьыпІащ! - гурыхь щыхъуауэ, мэгуфІэ Кургъуокъуэ.

- Сэракъым. Пасэрейщ жызыІар.

- Накіуэ, Жэбагъы, уэршэрыр дыгъэ едгъэуурэ дыдыкьэжьынщ. Гуащэми хьэщІэ и щІасэщ.

- Уи хьэщІагъуэ фІы ухъу, дипщ, ДыкъэзыгъэщІам и нэфІщ псори дызыщыгугъыр. Хьэрэмэхъищэщ мы дуеиижьыр, дыхиулъэрэхъауэ дитщи, тщІэркъым къыхэтхыну лъагъуэ кІуапІэр.

- Дунейм лъэпкъ дагъэнэшэ тету къыщІэкІынкъым, - нэщхьейуэ жеІэ ХьэтІохъущокъуэм, - адыгэхэр абыкІэ псоми датекІуэжауэ къысфІощІ зэм-зэми. Жыжьэ умыкІуи: джылахъстэнейхэмрэ Бахъсэн псыхъэ дэсхэмрэ... - пщым щІопщыр дридзей хуэдэ ещІри, Іэрыхуэу къеубыдыж, и нэгу мащІэу гуфІэ къохьэри: - Кьэбэрдейм я пщы уэлийм ар жысІэныи къыстехуэ хъункъым, Жэбагъы, итІани уэ бжесІэну сыхуейт Сэбанш бейгуэлым къысхуиІуэтар. Ар бзыщІа гуэру щытатэмэ, бейгуэлыр ипщ еувалІэу жриІэжынт... Ущыгъуаззмэ, жьхуэсІащ. НтІэ... лъхукъуэпІхэм зэжрагъэу зэхихащ. Сэбанш: «Кьэбэрдеишхэр щыщыщІэр Кьэбэрдей ЦІыкІу щыІэщи арщ».

- «Къэбэрдей ЦІыкІу» ящІыр джылахъстэнейхэра? СощІэ ар, зэхэсхащ. Абыхэм апхуэдэ Іэджж къав! «Делэ-шхуэ нэхърэ, Іущ цІыкІу» жаІэу зэрыдэтыр-щэ?

- Тхъэм щхьа, апхуэдэу жаІэрэ?! - Жэбагъы жиІар пщым апхуэдизкІэ фІэщІэщыгъуэти, зэуэ зэщІэувыІыкІащ, итІанэ къыщиудри, лъэщу, зыхуэумыубыдыжу, гум хищІэу дыхьэшхащ. Пщым пІэщІэ зызыщІа бейгуэлхэм я зым (Кьарэжь) дыхьэшх макъыр щызэхихым:

- Ди пщыр апхуэдэу и гур утІыпщауэ дыхьэшхыу зэрызэхэзмыхрэ махуэ дапщэ хьурэт?..

- Пэжщ... - Сэбанш и пэм ипсэлъыхьри, щІегъуэжа хуэдэ: - Сыт-тІэ иджы дыхьэшхамэ? Пщыр дыхьэшхащ! ДжэдыкІэм цы къыщІыхэпхыр сыт? Дыхьэшхащ пщыр?! Абы нэхърэ нэхъыфІщ а тІум я зыІыгъыкІэм, я кІуэкІэм епльи... Уэ уи дагъэр нэгъуэщІым дуМыпльагъу!

- Сыт сеплъмэ? - Кьарэжь ерыщщ... Іэдэжу иІыгъ Жэбагъы и шым, Іадэкъэкіэ йоджэбауэри:- Апэми етІуанэми адыгэ фащэ ящыгъщ; мобыи мыдрейми ябг къамэ илъщ; тІуми пыІэ зэрахьэ. КьыззрытщхьэщкІыр: зыр, уэ уэщхьу, цІыкІунитІыщ, адрейр сэ сэщхьу екІушхуэщ. Арат слъагъуну узыхуейр?

- Іуэрыивэ! И гущІыІу телъращ уэ плъагъур, сытми зыгуэрхэр къыбов, упсэлъэн папщІэ. Ар - пщыщ, уэ ухэт?! Лъэпкъ пхуэгъэлъэпкъынут уэ мы зэман утхъуам? Уи фыгуэныр къэгъани, уэ пхъэ дакъэ дагъжьым зумыгъапщэ жыгыр, - гужьгъэжь гуэри химылъхьэу Сэбанш адэкІэ пещэ: - Нэхъыжьхьи и пІэм икІыркъым, нэхъыщІэм - и уэвпІэр иІыгъыжщ. Пльагъурхъэ а тІур? Мо жыг дакъэм деж щетІысхэами, зэхагъэгъэущакъым зыри. Уэращи, унэхъыщІэрэ пэт, бгы къэуэным хуэдэу укъысщхьэщылъщ... уэрэрдомбейр къысхуогъэщІагъуэри.

- Мо дыгъэр си щыхьэтщ, нэхъыжь, уэрэрыкъуанШэмкІэ. Шы Іумпіэ зыІыгъым апхуэдэ псалъэхэр къилэжькъым.

- Дыгъэр щыхьэту къыззребджэр Къэсей хьэжьым зэхихьжмэ, сыкъэпщІэнщ. Дыгъэри, мы щым тет псори Алыхьым дрикъэгъэщІыгъэщ. Уэри, сэ сэщхьыркъабзэу, удинынышэщ, аращ дэ тІур дыщІызэхуэдэр.

- Дызэхуэдэнут... уэ - бейгуэл нэхъыжьу, сэ - нэхъыщІэу дыщымытатэмэ... ари дызэныбжь щхьэкІэ къэмынэу...

- Аргуэру уфыгъуэрэ? Ей, уэ жыпІэну узыхуеяр: «ЛъхукъуэлІу дыкъамылъхуатэмэ?»

- КъэпщІащ икІи къэзбгъащІэжащ таурыхъ гуэр: «Уэри упщмэ, сэри сыпщмэ, шыдыр зыхунур хэт?» - жызыІар пщІэжыркъэ...

- УзыщІэупщІэн хэлъкъым. Шыдыр зыхунур уэрэ сэрэ тхуэдэ лъхукъуэлІхэрщ. Дэращ... Кьарэжь, дзыгъуэ - джэду укъызздэжэгуу ара? Насып уиІэти, сэр нэмыщІ зыми узэхихакъым. Мес, пльагъурэ Жэбагъы и шым и тхьэкІумэкэр дзасэу зэришэщІар... - Сэбанш гушыІэурэ, занщІэу и фІэщу зыкъызэридзэкІри:

- Зи Іэштым Іэпщацэр къштхузэзыгъэдалъэ кърым хъанкір къэсмэ, сыт пщІэну уи мурад, Кьарэжь?

- Аргуэру схуэмыфащэ къызупэсащ! Зысшыінэщ!

- ПщІэр сыт, мыккъэмывэ! Уэдэшэсыр...

- НтІэ, а уэ жыпІэ делагъэхэр Жэбагъы и шым зэхих нэхърэ, пщым и шыфІэдзэапІэри нэхъыфІщ.

Сэбанш гужьеяуэ кІэлъопхъуэ лъэрыгъым пІащІэу иува Кьарэжь. Абы хэту къоІу ХьэтІохъущокъуэм и макъ лъагэр:

- ИщІэр сыт! ... Сэбанш, мыдэ... - къызэщІэнауэ къоджэ пщыр.

Сэбанш, пщым гъунэгъу зыхуимыщІыщэу, зэтоувыІэ:

- Сынодаіуэ, зиусхьэн.

- Пэж жызыІэм едаіуэ. Уэри сэри дэ зэхуэдэ насыпщ Жэбагъы и шым Кьарэжь зэрумыгъэшэсар!

- Дыкъуэншащ, дипщ. Шыіэдэжьр иІыгъыу къэзыльагъуэхэм пщым и щхьэ къыкІуалауэ кьафІэмыщІыкІ папщІэ, шыфІэдзапІэм...

- Ар тепъэфэжькІэкъым. ЦІыхухэм дэри дыкъалъагъунут... Апхуэдизу хьэщІэм улуэсакъыр пэжмэ, кьеджэ мо щІалэжь цІыкІухэм ящыщ зыи, егъашэ шыр си шыфІэдзапІэм.

Бейгуэлыр Іукіыжащ. ХьэтІохъущокъуэм и дзэ шыуэ:

- Аращ, дыадыгъщ...

- Зыри емыкІу хэлъхъым а иджыпсту къэхъуам. Лъэпкъ Іущыгъэ гуэр сигу къыгъэкІыжащ: «Пхуэмыфащэжьэгуу удэмытІысхьэ» жьхуаІэр...

- Дауэ жыпІа, Жэбагъы? - щІоупщІэ Кургъуокъуэ, зэхихар и щхьэ хуихьыжауэ: - Сэ къызэпІуэкІыу арагъэнщ. Дызэхуэзэн инэ къихуэзу сегупсыса къудейт Кьэбэрдейм пщы уэлийкэр кІэщІ-кІэщІурэ зэрыщащхьэжьым.

- ПІалъэра пфІэкІэщІыр? Я пІыЗр щхьэратІэгъэку нэхъ мыхъуми, тетыну щІэхъуэпсэр куэду щыІэщ.

- Тебгъэхуащ и купсэм. Сызэгупсысар уэ езым къэппсэпльыжащ. Бжеелэнщ сэри сигу ильъ. Пщы уэлийр кІэщІ-кІэщІурэ зэрахьэужьым и зэран къыдокІ. - Кургъуокъуэ тэлайкІэ щымри: - Тыркум, Кьрымым, е Идарыпщым и малъхъэ Иванкіэ зэгуэр дгъэблэгъауэ щыта Урысейм сахуепльэкІыну къыпфІэмыщІ. Я къэрал уэхэкІэращ абыхэм щапхъэу къатепх хуэрыр. Дэри дыхуэныкъуэщ апхуэдэ къэрал кІуэщІ Іуэху зехьэкІэм. Кьэбэрдейм, гъэрыгъуапщкІуэ дыджэгуурэ, пщы уэлийхэр къыщыцІэздыдогъажэ. Еплпыт къэрал гъунэгъухэм, Европэ жьжьэм - абыхэм я тетхэр зи къаланым хуэІэижьу, унафэшхуэхэр зыІэщІэлъ пщы е пащтыхьхэщ. Апхуэдэм, гува-щІэхамы, дэри дыхуэкІуэжьнущ. Пльагъурхъэ иджыпсту ди зэхэтыкІэр - унафэнщэ жьлагъэущ, щхьэж и щхьэ и пщыжщ. ИкІэри-ипэри мо лъхукъуэлІыр, мо Кьарэжь, уи уанэгу итІысхьну хэтщ! ЩІалэгъуэлэм фэрыщІыгъэкІэщ адыгэ хабзэ зэрызэрихьэр, кІуэщІыкІыщІэкІэ ихьыр - фыгуэмрэ губжьымрэщ... Нэхъыжьхэр я уахъытым хохьэж. Зы Іэштым лъэщу лъэпкъыр зэщІэзыкъуэзн Іэпщэ адыгэм къытхэмыкІмэ, хэт дяпэкІэ Кьэбэрдейр зыхъумэнур?

Иджыпсту дызыІутыр: Тыркур, кьрым тэтэрхэр, нэгъуейхэр зэгухьауэ зауэдзэ тхуагъэшэс! Пэлъэщыну пщэдей а кьарум Кьэбэрдейр? ЗыпІ и жыІэ щІэмыцІэмэ, пэлъэщынукъым.

Къэзанокъуэр пщы уэлийм хуэзэзэныуэ Іуплъэри:

- Тет зимыІэ къэралыгъуэ щыІэкъым, дауи...

- ЩыІэщ, Жэбагъы, щыІэщ, - пщы хасэ нэужьым гупсысаІэ хъуа ХьэтІохъущокъуэр пІащІэу иджы пэроуэ и псэпльэгъум, - къащтэ Кьэбэрдейр...

- Кьэбэрдейр - къэралыгъуэ? - Жэбагъы и шым зэхих нэхърэ, пщым и шыфІэдзэапІэри нэхъыфІщ.

Сэбанш гужьеяуэ КІэлъопхъуэ лъэрыгъым пІащІэу иува Кьарэжь. Абы хэту къоІу ХьэтІохъущокъуэм и макъ лъагэр:

- ИщІэр сыт! ... Сэбанш, мыдэ... - къызэщІэнауэ къоджэ пщыр.

Сэбанш, пщым гъунэгъу зыхуимыщІыщэу, зэтоувыІэ:

- Сынодаіуэ, зиусхьэн.

- Пэж жызыІэм едаіуэ. Уэри сэри дэ зэхуэдэ насыпщ Жэбагъы и шым Кьарэжь зэрумыгъэшэсар!

- Дыкъуэншащ, дипщ. Шыіэдэжьр иІыгъыу къэзыльагъуэхэм пщым и щхьэ къыкІуалауэ кьафІэмыщІыкІ папщІэ, шыфІэдзапІэм...

- Ар тепъэфэжькІэкъым. ЦІыхухэм дэри дыкъалъагъунут... Апхуэдизу хьэщІэм улуэсакъыр пэжмэ, кьеджэ мо щІалэжь цІыкІухэм ящыщ зыи, егъашэ шыр си шыфІэдзапІэм.

Бейгуэлыр Іукіыжащ. ХьэтІохъущокъуэм и дзэ шыуэ:

- Аращ, дыадыгъщ...

- Зыри емыкІу хэлъхъым а иджыпсту къэхъуам. Лъэпкъ Іущыгъэ гуэр сигу къыгъэкІыжащ: «ПхуэмыфащэжьэгуУдэмытІысхьэ» жьхуаІэр...

- Дауэ жыпІа, Жэбагъы? - щІоупщІэ Кургъуокъуэ, зэхихар и щхьэ хуихьыжауэ: - Сэ къызэпІуэкІыу арагъэнщ. Дызэхуэзэн инэ къихуэзу сегупсыса къудейт Кьэбэрдейм пщы уэлийкэр кІэщІ-кІэщІурэ зэрыщащхьэжьым.

- ПІалъэра пфІэкІэщІыр? Я пІыЗр щхьэратІэгъэку нэхъ мыхъуми, тетыну щІэхъуэпсэр куэду щыІэщ.

- Тебгъэхуащ и купсэм. Сызэгупсысар уэ езым къэппсэпльыжащ. Бжеелэнщ сэри сигу ильъ. Пщы уэлийр кІэщІ-кІэщІурэ зэрахьэужьым и зэран къыдокІ. - Кургъуокъуэ тэлайкІэ щымри: - Тыркум, Кьрымым, е Идарыпщым и малъхъэ Иванкіэ зэгуэр дгъэблэгъауэ щыта Урысейм сахуепльэкІыну къыпфІэмыщІ. Я къэрал уэхэкІэращ абыхэм щапхъэу къатепх хуэрыр. Дэри дыхуэныкъуэщ апхуэдэ къэрал кІуэщІ Іуэху зехьэкІэм. Кьэбэрдейм, гъэрыгъуапщкІуэ дыджэгуурэ, пщы уэлийхэр къыщыцІэздыдогъажэ. Еплпыт къэрал гъунэгъухэм, Европэ жьжьэм - абыхэм я тетхэр зи къаланым хуэІэижьу, унафэшхуэхэр зыІэщІэлъ пщы е пащтыхьхэщ. Апхуэдэм, гува-щІэхамы, дэри дыхуэкІуэжьнущ. Пльагъурхъэ иджыпсту ди зэхэтыкІэр - унафэнщэ жьлагъэущ, щхьэж и щхьэ и пщыжщ. ИкІэри-ипэри мо лъхукъуэлІыр, мо Кьарэжь, уи уанэгу итІысхьну хэтщ! ЩІалэгъуэлэм фэрыщІыгъэкІэщ адыгэ хабзэ зэрызэрихьэр, кІуэщІыкІыщІэкІэ ихьыр - фыгуэмрэ губжьымрэщ... Нэхъыжьхэр я уахъытым хохьэж. Зы Іэштым лъэщу лъэпкъыр зэщІэзыкъуэзн Іэпщэ адыгэм къытхэмыкІмэ, хэт дяпэкІэ Кьэбэрдейр зыхъумэнур?

Иджыпсту дызыІутыр: Тыркур, кьрым тэтэрхэр, нэгъуейхэр зэгухьауэ зауэдзэ тхуагъэшэс! Пэлъэщыну пщэдей а кьарум Кьэбэрдейр? ЗыпІ и жыІэ щІэмыцІэмэ, пэлъэщынукъым.

Къэзанокъуэр пщы уэлийм хуэзэзэныуэ Іуплъэри:

- Тет зимыІэ къэралыгъуэ щыІэкъым, дауи...

- ЩыІэщ, Жэбагъы, щыІэщ, - пщы хасэ нэужьым гупсысаІэ хъуа ХьэтІохъущокъуэр пІащІэу иджы пэроуэ и псэпльэгъум, - къащтэ Кьэбэрдейр...

- Кьэбэрдейр - къэралыгъуэ? - Жэбагъы и шым зэхих нэхърэ, пщым и шыфІэдзэапІэри нэхъыфІщ.

Сэбанш гужьеяуэ КІэлъопхъуэ лъэрыгъым пІащІэу иува Кьарэжь. Абы хэту къоІу ХьэтІохъущокъуэм и макъ лъагэр:

- ИщІэр сыт! ... Сэбанш, мыдэ... - къызэщІэнауэ къоджэ пщыр.

Сэбанш, пщым гъунэгъу зыхуимыщІыщэу, зэтоувыІэ:

- Сынодаіуэ, зиусхьэн.

- Пэж жызыІэм едаіуэ. Уэри сэри дэ зэхуэдэ насыпщ Жэбагъы и шым Кьарэжь зэрумыгъэшэсар!

- Дыкъуэншащ, дипщ. Шыіэдэжьр иІыгъыу къэзыльагъуэхэм пщым и щхьэ къыкІуалауэ кьафІэмыщІыкІ

90

Мэшбащіэ Исхьэкъ и тхылъыщІэмкІэ егъэльапІэ СССР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Дэгужьий Виталий. *1990 гъэ*

Сурэтыр **Сэвкіуий Хьэмид** *ищІащ.*

Къэзанокъуэр, дауи, щыгъуаззт Шэрджэс Ипщэм къышцекІуэкІхэм. Арат ХьэтІохъущокъуэм и псалъэхэм, сапэ жану, Жэбагъы и гущхьэр щІыхабзаріи. ИтІани пыгуфІыкІыфащІыр:

- Хэхэс ныбжьэгъуэкІэ укъызэщащкъыми, ари гурыфІыгъуэм щыщщ, зиусхьэн. Пэж ухуейм, Къэсей хьэжьым и жьІэу, мы дуней хьэхум цІыху псори дыщІэхэсщ. Ди закъуэкъым. Алыхьым хуэлажьэу щІым тет адрейхэри - хэхэсщ. Кьэбэрдеи, кІэмыргуеи, бжьэдыгъуи, абазэхи, шапсыІи - псори адыгэщ, зы диным ину. Мыдэ, Бэрокъуэпщырщ а ислъам диным емызэгъар... Джылахъстэнейхэм я пхъур кужьпщ Вахтанг VI щратым. Бэрокъуэ, христаным дихьэхри, и куаж-жьэм члисэ щиухуат. Иджы гушыІэ Іуэрыуэдзу къахуэнащ: «У-Борыкъуей, хьэмэрэ умуслымэн?»

- Къэсей хьэжьым ар зэхихмэ, мыувЫэжу къыдиудзкІынщ, - мэдыхьэшх Кургъуокъуи, зэуэ нэщхьей къохьуж: - Аращ-тІэ, уипхъу хамэ пащтыхьептмэ, къыпІщІэкІуэнкІэ зэрыщыІэр... УмыгъэщІагъуэ ар, Жэбагъы. Сщыгъупщагъуэ аркъым кърым хъаныи ХьэтІохъущокъуэхэ ятхъу зэригъэфызар. И адэжьыр игъеижьыу къыщкІыужьым абы къыітхуздиша хъаныдзэ щхьэ мин тІощІым дыкъафыщІыхьат, Іутхьэтыхь хахьурэ! Идрекъэ урысыдзэ къраштэкъэ Къэбэрдейм?! Сщыгъупщакъым зэгуэр джылахъстэнейхэр, Иван пащтыхьым и дзэр зыщІагъуу, Къэбэрдеишхуэм къызэрезэуари. Сщыгъупщэркъым шэрджэс щхьэгъуэсэ зи унэ исАхьмэд сулътІаным кърым хъаныр къызэрыдиуштри. Дэ, езыхэм, ди бжьыкІыщхьэ зэщІэдзалъэурэ, адыгэ дунейр бжэныцэр хьэцыпгъу иткъуахащи, емынэмэи зэщІикъуэжьынкъым. Иджы дэнэкІэ зыдгъэзэну?

- Зыщ хэкІыпІэр.

- Сыту? Сынодаіуэ.

- ЖысІэмэ, уигу иримыхьынкІэ...

- Дигу иримыхьын защІэщ мы дунейр. Зэгъмэ - щхьэпэщ, егъумэ - гъэвыгъэщ.

- Идыкъпсту, къуэкІыпІэм Къэжэрыр къыщцытхуэдалъэрэ, къухьэпІэм Тыркумрэ Кьрымымрэ къыщцтхуэупІлым, зэгуэр Идаркэр къыдзэзыхьжа Урысейрщ дэри Іэмалу къыптхуэнэжыр..

- Къэзанокъуэ, уэра ар?! Адыгэ пыІэ пщхьэрэгъыу?..

- Си псэм жиІэр пхуэсІуэтащ, сыкъэгъэзыхьати.

«Шэч хэмыльу, игу сеуащ Жэбагъы. Ауэ езыри захуэ? Идархэра абы я урыс малъхъэмэрэ си щапхъэу сеежьэжьнуи!» ЗэрыпІейтейр хэІущІыІу Іэщхьэ пащІэ, псалъэхэр зэпиш хуэдэурэ пщы уэлийм:

- Идархэ я урыс накъырэм сыдзуфэразэурэ си дини, си унэцІи схъуэжу, «Иван»-кІэ къызэщхэу сыдэувэжыну ухуейуэ арат?

- Урыс накъырэм, зиусхьэн, зэрепщэм елъытауэ, адыгэ къафэ къыпхуигъэкІынущ. Уи цІэ-унэцІэрэ, щыІэ уиІ ухъэзэныркъым! - щыІажьи, щефэщешхи, зыщигъэпсэжри, джэгу щыхэти, уеблэмэ - щыжеи (и пІэщхьагъ щІэпъу) зыкІэрихьркъым. Кьамэр и нэщэнэщ лІым и зэрыбгъэм, и пщІэм. ХьэщІэщ блын алэрыбгъуэм къатещ Іэщэфащэр бысымым и щхьэ зыдалъагъу пщІэ-нэмысщ.

Адыгэ хэщІэщ пІаІэнэзм Іэнкъуэгъэзэу дэтщ щхьэнтэщхуитІ зэрыс гъэуІэпІэ зэлъыІуха. Абы іыгъэрыдзу алэрыбгъу щыкІу бгъурыльщ. Бльнэжьм къадекІуэкІ тетІысхьэпІэ кІыхьэр хьэщІэр зыльагъуныр къакІуэсхэм яполпъэ. Зэи ерыскъыныншэкъым хьэщІэщыр, Іэнэ лъакъуищымрэ шэнт щхьэгъэхэмрэ (нэхъыжьым и шэнтыр нэхъ щабэщ) ныш я щыпІэлъагъукъым.

Адыгэ-шэрджэс хьэщІэ и щІасэщ, а хьэщІэр хэту щымытами, адыгэ хабзэ тІкІийм тету ирагъэблагъэ, ягъэхьэщІэ, ирагъэжьэж. А Іэхэугъуищым яку ильщ «зы напэтекІыгъуэ». ХьэщІэихьэгъуэикІыгъуэр къаІэн тыншкъым. Екіуу ар зехьэнкір адыгэ напэм щыщщ. «Напэм и пІэ псэр ихуэ» жызыІа пасэрейхэм я лІэужьыщ адыгэр.

ХьэщІэщэм я зэлъыухыкІэри, я ерыскъы зехьэкІэри зэщхькъым. Щхьэж и унагъуэ зэфІэкІым елъытащ хьэщІэщым и теплъэр. Елъытащ и мыльку, жэмыкьэтым щиІэ пщІэм, езым и жылагъуэ къулыкъум е Іэщ-гъэм... Уэркъ хьэщІэщыр ещхь хъунукъым лъхукъуэлІ хьэщІэщым, пщым ейр - пщым йокІуж...

Шэджагъуэ нэужьым къуршым къехыжа Шурдым Жанхъуэт уанэшым Іэпсльэпсэр къыпщІэхикщ, езыри зэсэбауэри, унэм щІэмыкьэжу, хьэщІэщымкІэ иунэтІащ.

Жьэгур иджыри дэпырыжьащ, гъатхэпэ дыгъэри, шэджагъуэ нэщІащэу, щхьэгъубжэм щхьэхэщІэж. ПырхъуэмкІэ къиІукІ лъэмакъыр зейм хуемыплъэкІ щыкІэ, Жанхъуэт:

- Уэра, щІалэ?

- Хьэуэ, Елэнкъым ар... Сэращ, - къоІу щхьэгъусэм и макъ щабэр: - Ар иджыри хэтщ Джылахъстэнейм зэрыкІуэрэ... Согузавэ.

- И гъусэхэр хьэкІуэлІэжа а къэтым?

- Хьэуэ, хьэуэ. И закъуэ дауэ закъыкІэригъэхунт...

- Сыт-тІэ?

- Сэ сщІэ мыгъуэрэ, дунейр зэхэзэрыхьащи...

- Уэзджэр къокІуэ, Шурдымхэ я нысэ, Іейр къыщыныжьу, нэхъыфІымкІэ гупсысэ. И гъусэхэр зэрыхъуу, езыри хъунщ. Махуэ псом си джий ґъавэ ехакъым. Хьэзыр щыІэмэ, къхъь.

- Сыт щыщымыІэр, Іэнэр щытщ, Ауэ... ахъшэмыр къохьэ. Къэсей хьэжьыр аэзн джакІэщ. Уоу, Алыхь, нэхъыфІ къыдэти, Іейм дыщыхьумэ, ди щІалэ закъуэр узынщэу къытхуэхьыж, нысащІэри, узынщэу, кІэпсфэпс кьабзэкІэ зэІэпых.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

● Фэ фщІэрэ?

Вагъуэхэр

Вагъуэсокурэ - Созвездие Чащи. Ар уолъагъу сокурэ кхъуэщыным ещхьыфэу (сокурэр псы пэгун зытІущ хуэдиз ихуэу, хупщІынэ ирапщу, махъсымэ иращІу адыгэхэм зэрахьэу щыта кхъуэщын Іу бихъущ). Вэн-сэн зэману вакІуэ махъсымэ щащІ мэлыжьыхь - накъыгъэ маззэхэм Вагъуэсокурэр Іупщ1у уолъагъу. Ар экваторым и ипщэрабгъум щыІэ вагъуэ гупщ.

Зи анэр дыщэ джэдыгукІэ зыхъуэжа вагъуэр - **Волопас вагъуэ** гупым щыщ Арктурыр къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ щыбольагъу вагъуэшхуэ дыдэу, горизонтым лъагэу теІэтыкІауэ уэгум иту. Ар щыІмахуэ пщэдджыжьым къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ экваторым и ищхъэрабгъукІэ къыщыщІокІ, жэщ-махуэ къэс ипэ ита жэщ-махуэм къыщыщІэкІа зэманым нэхърэ дакъикъи 3-рэ секунд 55,91-кІэ нэхъ пасэу къыщІэкІыу. Арктур и анэр ар къыщыщІэкІ щІымахуэр аращ. Ауэ екІуэтэкІыурэ и къыщІэкІыгъуэм зехъуэжь. Аращ и анэр дыщэ джэдыгукІэ - гъэмахуэмкІэ ихъуэжащ щІыжаІэр.

Вагъуэгублащхьдэсэ - Трубка Арктура вагъуэ гупырщ. Мыр ирагъэщхьагъэнущ выгум и гублащхьэм дасэ, къандесым ещхь пхъэ дыкъуакъуэм.

Вагъуэданэчщ1опщ - Волосы Вероники вагъуэ гупырщ. Ар и теплъэкІэ ирагъэщхь зи щІопщыкІыр пыжьейм, къазмакъейм кхъахащІыкІ данэчщІопщым. Апхуэдэу абы щІеджэр фэ Іув зэпэхъуейм данэч фэдэн (данэ Іуданэ) трашэрти арат. Данэчщ1опщымкІэ шым ущеуэжкІэ абы макъышхуэ ищІын щхьэкІэ щІопщыкІым данэчщІопщу зыщІилпІ кІэращІэрт.

Вагъуэхьэлывэ - Северная Корона вагъуэ гупырщ. Ар и теплъэкІэ мазэ ныкъуэм ещхьщ. Гъатхэм, гъэмахуэпэм дыгъэр кхъуха нэужь, уэгум лъагэу иту уолъагъу.

Вагъуэщэлъахъэ - Стрела вагъуэ гупырщ. А вагъуэзэр щэлъахъэм ирагъэщхь. Езы псалъэми кхъызэрыхэщ-щи, щэлъахъэр шым и лъакъуищым ирагъэкІ щыр кІуэр ящІынымэ, шы емылыджыр ягъэсэнымэ, шыр къэкІухьреймэ. Мэкъуаугъуэу - щэкІыгъуэ мазэхэм Щэлъахъэ вагъуэр Іупщ1у уолъагъу.

Дэжьвагъуэ - Лира вагъуэ гупырщ. Лирэм и вагъуэхэм хальагъуэ дэ жыгым ещхь сурэт, аращ а вагъуэ гупым апхуэдэу щІыфІащар. Вагъуэ гупыр Іупщ1у уолъагъу накъыгъэ - щэкІуэгъуэ мазэхэм - дэр дейм кхъыпкІэу хъуэ кхъыпачыжьыу.

Вагъуэтокъмакъ - Дракон вагъуэ гупым и щхьэмрэ и плІэ лъакъуитІымрэщ. Мы цІэр кхъызытекІа псалъэм и гугъу пщІымэ, токъмакъыр зэрызауэу, удын хьэлъэ зэрадзу щыта Іэщэщ.

Вагъуэгуэзнэч - Дракон вагъуэ гупым щыщ Іыхьэщ: и кІэр, и кІэбдз лъакъуитІыр, Ищхъэрэвагъуэр я гъусэу. Гуэзнэчыр набжащ, хьупІэм щагъэхъу мэлхэр жэщкІэ щаІыгъ Іуэр кхрахуэ. Вагъуэгуэзнэчым и кум Вагъуэкъащыкъым и вагъуэзэр итщ. Драконыр гупсэхуу уолъагъу накъыгъэ - щэкІуэгъуэ мазэхэм. Май мазэм и кІэм кхъущыщІэдзауэ ноябрь мазэм нэсыкъ мэл хъушэхэр жэщым щаІыгът гуэзнэчкІэ кхъуэхуереихьа егъэзэшІэхэм.

Вагъуэщыгъэ - Южная Корона. Вагъуэщыгъэр экваторым и ипщэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ вагъуэ гуп цІыкІущ. Абы и вагъуэхэр зэхэтщ щыгъэм ещхь сурэт къагъэхъуу, аращ адыгэхэм Вагъуэщыгъэ щІыфІащари. Вагъуэщыгъэр хуиту уолъагъу бадзэуэгъуэ - шыщхьэуІу мазэхэм.

Вагъуэдамэпс - Лебедь вагъуэ гупым щыщ Іыхьэщ. Дамэпсыр фэ кІапсэщ, гъущІ тхьэгъу хъурей цІыкІу дамэкъуэр икІыу и кІапэм пыщІауэ, выр бжьым ирищІапхэу. Вагъуэдамэпсыр экваторым и ищхъэрабгъумкІэ щыІэщ, абы уІуоплъэ кхъуэм и пщэмрэ и дамэмрэ иукъуэдияуэ есу хьэуам хэт дыгъэщ. Вагъуэ гупыр Іупщ1у уолъагъу мэкъуаугъуэ - щэкІуэгъуэ мазэхэм.

Гъэмахуэ Гублащхьдэсэ - Треугольник вагъуэ гупырщ. Зэпэщимэу щыт вагъуэхэр гублащхьдэсэм ирагъэщхьауэ аращ.

КЪАШЫРГЪЭ Назир.

● Іуэтэж

Благъуэ

Зылі фыз бзаджэ иІэт. Фыз бзаджэр хуэмыхьыж хъуащ лІым, и щхьэр иригъэужгъуащ. Хуэмыхьыж щыхъум, фызыр игъэкІуэдын мурад ищІащ лІым. ЗэригъэкІуэдын Іэмал кхьхуэмыгупсысурэ, зыбжанэрэ екІуэкІащ. Зэгурэрыт, мэз кІуауэ, жей жыг ирихьэлІащ лІыр, жыгым мы кхьпыщэщати, ар кхъздищыпым, мащэ кУ кхьІэщІэлъэгъуащ. «Мэзым кхъздэсшэнщи, фызыр мащэм издзэнщ», - жери игу ирилъхьащ лІым. Мащащхьэм чы тІэкІу трилъхьащ, пщІащэ трикъухьыжри, кхъежьжащ, гъуэмылалъэм из мы кхъздихьри. Мыр фыз бзаджэм игу ирихьащ.

- МыфІэкІа щхьэ кхьыумыхьарэ? - кхъхуилъащ фызыр.
- Гъуэмылалъэм ихуар аращ, - жиІащ лІым.
- Къэсхьынщ жыпІэмэ, мейр щыбгъуэтынур мыпхуэдэм дежщ, - жери мейр кхъыщигъуэтынур кхъжриІащ.

Матэ къиштэри, фызыр мэзым кІуащ, мей жыгыр кхъыщидыным, мащэм ихуащ. Зыбжанэ дигъэкІри, лІыр фызым кІэлъыдэкІащ: «И Іэху зэрыхъуэм сеплъынщ», - жери.

Мащэм щыщхъэщхьхэм, кІий-гуо макъ зэхихащ лІым. Мащэм иплъэри, благъуэ кхьІэщІэлъэгъуащ: благъуэм гуэзвэгъуэр тельщ - фызым бжгъу трекъутэ.

ЛІыр щыщхьэщхьхэм, гу кхьлъитэри, благъуэр мащэм къипсэлъэкІащ:

- Тхьэм и нэфІ зыщІихуэн, мы мащэм сыних, мы фызым сыІэщІэмыкІуадэ щІыкІэ!

Къурагъ иригъэжхри, благъуэр мащэм къришащ лІым - и щхьэм ирилъитащ.

«Сыкъэплъэгъуакъым, услъагъужакъым! - жери благъуэр екъэжащ. - Зэм-зэм укъызихьэлІэмэ, уи эхэкІ слъагъужынщ».

Фызыр мащэм киринэри, лІыр и унэ кІуэжащ. Псыщхьэм дакІуейри, благъуэм псыр иубыдащ. Псыр благъуэм щиубыдым, жьлэр гуэвэгъуэ хэхуащ. Лым деж кІуэри жраІащ:

- Уэ благъуэм и хьэтыр плъэгъуащи, уи хьэтыри кьилъагъужынщ: псыр кхьІтхугъуэтІыпщыж. ЛІыр благъуэм деж кІуащ:

- Жьлэр зэтолІэ, псыр къэутІыпщыж, - жери.

ЛІым и хьэтыр кьилъагъури, благъуэм псыр кьиутІыпщыжащ. Зыбжанэ дигъэкІри, псыр иубыдыжащ благъуэм. Жьлэр гуэвэгъуэ хэхуэжащ.

- Уэр фІэкІ, благъуэм зи хьэтыр кьилъагъуи щыІэкъым: псыр кхьтхуегъэутІыпщыж, - жраІащ лІым. ЛІыр благъуэм деж кІуащ:

- Жьлэр зэтолІэ, псыр къэутІыпщыж, - жери.

ЛІым и хьэтыр кьилъагъури, благъуэм псыр кьиутІыпщыжащ. Зыбжанэ дигъэкІри, псыр иубыдыжащ благъуэм. Жьлэр гуэвэгъуэ хэхуэжащ.

- Уэр фІэкІ, благъуэм зи хьэтыр кьилъагъуи щыІэкъым: псыр кхьтхуегъэутІыпщыж, - жраІащ лІым. ЛІыр благъуэм деж кІуащ:

- Псыр кхьтхуегъэутІыпщыж, - жари.
- Си хьэтыр афІэкІа кьилъагъужынкъым, - жиІащ лІым.
- ЛІо-тІэ тщІэнур?

И фызыр игу къэкІыжащ лІым:

- Хьунщ, иджыри зэ сыфхуельэІунщ благъуэм. Псыщхьэм дэкІуейри, лІыр благъуэм еджащ:

- Уи унагъэбжэр зэрыхуэпщыжар пщІэрэ? - жери.
- Сыт кхъэхуар? - и псэр ІукІащ благъуэм.
- Фызыр мащэм кьикІыжащ!
- Нтгъ! Уи щхьэр зэрыхэпхын, маржэ!

- Ар мащэм кьикІыжамэ, сэ мы дунейм сиих щІыэжкъым! - жери благъуэм бгым зыщидзыжащ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр



Совет Союзым и ЛІыхъужь, Лъэпкъ лъахэхэхутэ музейм и унафэщІ Иуан Хьэсэн ТІалиб и къуэр. *1959 гъэ*

● Чэнджэщхэр

Щэ щагъэвэжкІэ бэлагъкІэ зэІащІэркъым

Нартыху пІастэ хуабэрэ бжьыныщхьэ укъэбзарэ шыгъум хагъэуэурэ зышхрейхэр фІыуэ зэрегъакІуэ, нэкІу зэлъахэми зрегъэзэшэщІыж.

* * *

Шха иужькІэ бжэмышхри гуахъуэри Іубауэ яГъэтІылъыркъым, гуэныхьышхуэ пылъщ жаІэ.

* * *

Къалмыкъ шей пщтырым адыгэ шатэ Іувыр хэпкІэмэ, тхъууэ мэжабзэ. Апхуэдэу мыхъун щхьэкІэ, шатэ Іувым псы тІэкІу хакІэ, зэІащІэри итІанэ къалмыкъ шеймрэ хакІэжь.

* * *

Ямылейуэ ялъэса мэл е Іэщышхуэ лъатэм кхъуей щІагъуэу хихыжыныкъым.

* * *

ШатэкІэ ящІа шыпсыр щІэх зокІуэкІри, куэдрэ щыбгъэт хъунукъым.

* * *

Щэ щагъэвэжкІэ бэлагъкІэ зэІащІэркъым, бэлагъыпэр песыкІри. ЗэрызэІыщІэн хуейр чымчырКІэщ.

* * *

Къаз, бабыщ дагъэ гъэткІуар мафІэм иса щІыфэм щІыпхуэмэ мэхъуж.

* * *

ГъэтІылъыгъэ ящІу ягъэува кхъуейм и шэжьыпсыр и щхьэм къыдэкІуейрэ кхъуейр и лъабжьэм кІуэмэ - уэшх къешхынущ, кхъуейр и щхьэм кьакІуэрэ шэжьыпсыр и лъабжьэм ехмэ - уэгъу хъунущ жаІэу щытащ.

* * *

Лы щтар псым (хуабэми щІыІэми) халъхьэу къагъэвэжыркъым - и ІэфІыр щІокІ.

* * *

Щэ щагъэпщткІэ ар зэрагъэпщтыну хьэкъущІкъум псы щІыІэ ирагъэжьых, шэр щІимысыкІын щхьэкІэ.

* * *

Джэдыкіэ ивыкІар псынщІэу псы щІыІэм хэпльхьэмэ, и фэр текІыгъуафІэ мэхъу.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Шхыныгъуэхэр

Къэлэр шыпс

КЪЭЛЭРЫМ и чэзур гъатхэпэ зэманыращ. Абы куэду хэлъщ эфирнэ дагъэ, аскорбиновэ кислота, фитонцидхэр, нэгъуэщІ куэди. Къэлэрыр хуабжьу сэбэпышхуэ яхуохъу зи шхалъэ узхэм, гипертоние зиІэхэм, пыхусыху зэуалІэхэм. Ар губгъуэхэм, мэз лъапэхэм кхъыщокІ. Къэлэрыр зэрыщІынэуи яшх, шхыныгъуэхэми халъхьэ, щІымахуэми хуагъэтІылъ. Абы шыпс кхъихащІыкІын папщІэ и лъабжьэр пач, ягъэкъабзэ, псы щІыІэкІэ фІыуэ ятхъэщІри ягъэгъущІыж, итІанэ цІыкІу-цІыкІуурэ сэкІэ зэпагъэльэлъ, убалъэм иралъхьэ, шыгъу хадэри, щабэ хъуху яуб. Ар хьэкъущІкъу мыулъиим иралъхьэри, и щхьэр тепІауэ щІыІапІэм дакъикъи 10-12-кІэ щагъэрь, зэхэшыпсыкъын щхьэкІэ. Къэлэр зэхэшыпсыхьам шатэ хакІэ, шыбжий сыр хьэжа хагъэщащэри, фІыуэ зэІащІэж. Тепщэч цІыкІыкІэ щхьэхуэу Іэнэм трагъэуэвэ. Дашх кІэртІоф гъэвам, лы гъэвам. Мырамысэми пІастэ хуабэми докІу.

Халъхьэхэр (цІыхуит Іыхьэ):

къэлэр убауэ - грамми 100, шатэу - грамм 250-рэ шыбжий сыр хьэжауэ, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Мэл кІапэ дагъэкІэ гъэжьа бжьыныщхьэрэ бжьыныхурэ

ТЕБЭМ кІапэ дагъэ иралъхьэри ягъэткІу. Абы Іупщ1эшхуэурэ упщІэта бжьын халъхьэ, зэІащІэурэ мафІэ щабэм тету ягъэлыбжьэ дакъикъи 10 хуэдизкІэ, тхъуэлпъыфэ кхьтеуэку, абы халъхьэ бжьыныху, шыгъу, зэІащІэурэ зы дакъикъэ хуэдизкІи ягъэлыбжьэ. ИтІанэ щимэ цІыкІуурэ упщІэта шыбжий сыр мыхьэжа халъхьэ. Зэ1ащІэурэ, хьэзыр хъуху ягъажьэ. Хьэзыр хъуа шхыныгъуэр тхъуэплъ дахэу, мэ гуакІуэ кхьихиуу щытщ. ПІастэ хуабэ е мырамысэ тепщэчым иралъхьэри, абы и кур кумб хуэдэу бэлагъыщьэкІэ ящІри мис абы а бжьын лыбжьар, дагъэри зэрыщІэту, пщтыру иралъхьэ. Шэ хуабэ трафыхьыж.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):

кІапэ дагъэу - грамм 50, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамми 120-рэ, бжьыныху укъэбзауэ - грамм 60, шыгъуу, шыбжий сыр мыхьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Іэ ящІ

Щхьэц налъэм и быдагъыр

♦Кхъухьлъатэм ущисым и деж уи щхьэцыр тІуКІэ нэхъ псынщІэу къоКІ.
♦Уи нэр къыззтехауэ укъеПсыфынукъым.
♦«Чупа-чупс» кІэнфетым и логотипыр зыщІар Дали Сальвадорщ.
♦Лимоным фошыгъу нэхъыбэ зэхъуэ, щымэрасКІуэм нэхърэ.
♦Сабийхэр гъатхэм нэхъ псынщІэу хохъуэ.
♦Джэдур и гъащІэм щыщу процент 70-м мэжей.
♦ОК - псалъэращ дуней псом щынэхъ цІэрыІуэ псалъэр.
♦Алясхэм и бзракъыр зыщІар илъэс 13 хьу щІалэ цІыкІущ.
♦Инджылыз библиотекэхэм нэхъыбэ дыдэу кхъыщІадыхьэ хэлъщ «Гиннес и рекордхэм я тхьилъращ».
♦Сахарэ къумым 1979 гъэм мазаем и 18-м уэс кхъыщесауэ щытитІъащ.
♦Зы щхьэц налъэм хьэлъэу килограмми 3 иІыгъыфынущ.

● Алыдж псалъэжьхэр

ЩІэныгъэр насыпыр зыгъэдахэщ

♦Дахагъэр Тхьэм кхъыббгъэдилъхьэ тыгъэщ.
♦И лъабжьэр дыдэ щхьэкІэ и пыкІэр Іэфіщ.
♦Ныбжьэгъугъэр - Іэпкъпкъитіым хэт зы псэщ.
♦ЩІыхуэ зытемылъ кхъулейсызыр куэдкІэ нэхъ кхъулейщ щІыхуэм щІигъэна бейм нэхърэ.
♦Щхьэусыгъуэншэу зыри кхъэхуркъым.
♦Гугъуехь ухэмытауэ зыми зебгъэсэфынукъым.
♦Зыгъэпсэхугъуэ зэман диІэн щхьэкІэ долажьэ, мамыру дыпсэун щхьэкІэ дозаэ.
♦ЩІэныгъэр насыпыр зыгъэдахэщ, насыпышагъэм ущызыхъумэщ.
♦Зауэм и мурад нэхъыщхьэр - мамырыгъэщ.
♦ЦІыхум нэхъыфІ дыдэу хэлъыр гъэсэныгъэрщ.
♦Дахагъэр зи тетыгъуэр кІэщІ дыдэ пащыхьщ.
♦Уи ныбжьэгъуэхэр бий зыхуумыщІ, уи бийхэр ныбжьэгъу кхъызэрыпщІыным иужь ит.
♦Іуэхушхуэхэр занщІэу зэфІэкІыркъым.
♦Акъылым зыри и мыхьэнэкъым, ар цІыхум кхъыхуэмысэбэпмэ.
♦Іущыгъэр насыпым и анэщ.
♦Игу иримыхь гъэсакІуэм и деж цІыхум зыми зыщыхуигъэсэфынукъым.
♦ЦІыхухэм я бзэгум фІамыщІ пщтыр телъымэ нэхъ къащтэ, щэху яхъумэ нэхърэ.
♦Бзылъхугъэ и лъагъуныгъэм нэхъ щышынапхъэщ, цІыхухъум и лъагъуныгъэ хъуныгъэм нэхърэ. Бзылъхугъэм ейр шыгъуэ зыщІыр и гъэсакІуэгъэрщ.
♦Псалъэр зыгурымыІуэм, башри хэзэгъэнукъым.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **7**. Бжэныфэ. Е ... вакъэ. **8**. Зым хуэмыфІ ... кІуэркъым. **10**. Куэдрэ щылъа, ви чэзур икІа нащІэр апхуэдэу мэхъу. **11**. «ФІыцІэ» псалъэр нэгъуэщІ гуэр. **23**. ... зэхэдзэ нэхърэ акъыл зэхэдзэ. **24**. ... налмэз. **25**. ЩІы къиуда. **27**. Мэз бжьныкъ. **30**. Уанэ зытемылъ шы. **31**. «Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр ... пхьлъэту щытыгъэкъым» - Щоджэнцыкіу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым и пэщІэдзэ. Іэзэ къашэри вынэ ... **21**. Къалэ-курорт. **22**. Къущ, псы зыщІэмыт мыІэрысэ е нэгъуэщІ гуэр. **23**. ... зэхэдзэ нэхърэ акъыл зэхэдзэ. **24**. ... налмэз. **25**. ЩІы къиуда. **27**. Мэз бжьныкъ. **30**. Уанэ зытемылъ шы. **31**. «Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр ... пхьлъэту щытыгъэкъым» - Щоджэнцыкіу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым и пэщІэдзэ. **34**. БжэІулъэ. **36**. Хьэкъущыкъур зэратхъэщІа псы къабзэр апхуэдэ мэхъу. **37**. Хадзэхэкі зытращІа хьэсэхэм узыщрихьэлІэ цІыныжь.

Къехьу: **1**. ГъэшхэкІ. **2**. Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Адыгеймрэ я щІыналъэхэм щежэх псы. **3**. ... Іэнатіэ зимыІэр ди зэманым куэдыкІейщ. **4**. ПсэупІэ унэ къэс ар щІэтщ. **5**. Теунэ Хьэчим, Сокъур Мусэрбий, Хьэкіуащэ Андрей, Къэжэр Пётр сымэ я къуажэ. **6**. Гъэдз ..., е кІапсэкІэ зэкІуэцІыпхэ гуэр. **9**. Іэпсльэпсэм щыщщ. **13**. Совет Союзым и ЛІыхъужь Иуан ... **14**. Зи суд ящІэм хъыщхьэщыж цІыху. **17**. Урысей Федерацэм щыІэ псыежэхышхуэ. **18**. Зи бзэ ІэфІ ... мэлитІым щІофІ. **19**. Хьэцэпэцэ щаІуэкІэ гъупщым нэхърэ нэхъ щабэу къыщІокІ. **20**. Зиусхьэн лъэпкъ. **26**. МахуэцІэ. **28**. Пэжым хуэжей цІыху. **29**. Пэскэн щІыналъэм хиубыдэ къуажэ. **32**. Мэлыщ щабэ. **33**. Іэлъыным, тхьэгъум ирагъэтІысхьэ мывэ. **34**. Унагъуэм ... лъапІэ къахуеблэгъамэ, ныш хуаукІ. **35**. Щакіуэр дыгъужьым и ... техьащ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэлыжьыхьым и 4-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **3**. Тулэ. **6**. Джэрш. **8**. Хъуркъым. **9**. Гъуо. **10**. Уц. **11**. ХущІэ. **13**. «Лъапсэ». **16**. Псынэ. **19**. Хьэжмэт. **21**. КІэбышэ. **22**. Хьэкъуэт. **25**. БжьапцІэ. **27**. Фызабэ. **30**. Амдэч. **31**. Арджэн. **33**. Мэкі. **35**. Бо. **36**. Удж. **38**. Блашэ. **39**. Щауэ. **40**. Гунэдж.

Къехьу: **1**. Блэгъу. **2**. Лъэпщ. **3**. Тхъуэплъ. **4**. Урыху. **5**. Мысэ. **7**. Шыдрэ. **12**. ЩІэп. **14**. Ажэ. **15**. Самэ. **17**. Собэ. **18**.Ныш. **20**. ТхэкІэ. **21**. КІэрэф. **23**. Іупщ1э. **24**. Узыр. **26**. Жьым. **28**. Бгъэ. **29**. Гъудэ. **30**. Акъбащ. **32**. Нэджыдж. **33**. Молэ. **34**. КІашэ. **35**. Брул. **37**. Джанэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астъэн, Нэщ1экІыжьэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз**.

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кхъажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхуущапіэхэм ядэлэжьэныбмкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кхъыщхьэ бжьыгъэхэм, кхъыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дилъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаззм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыпу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня**, *редактору* **Жылаэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тралдзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.099 ● Заказ №710